ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№93 (24.375) ● 2022 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ●

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



# Къэрал мылъкур зыхухахахэм трагъэкIуадэ

**КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ Федеральнэ казначействэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI IутIыж Шумахуэ**.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Федеральнэ казначействэм и управленэу КъБР-м щыIэмрэ тепсэлъыхьащ илъэс ныкъуэ блэкIам щIыналъэм къыхэхъуа мылъкур зыхуэдизымрэ нэгъабэ а пIалъэ дыдэм зэрыта щытыкIэмрэ.

ХэхыпщIэхэм (налогхэм) я Iуэху зыIутым щытепсэлъыхьым, IутIыж Шумахуэ къыхигъэщащ нэгъабэ зэрыщытам еплъытмэ, мы гъэм хэхъуэу яIэр зэрынэхъыбэр. ЩIыналъэм икIыу УФ-м и бюджетым илъэсым и япэ Iыхьэм хэхъуащ сом мелард 53,6-рэ. Нэгъабэрейм еплъытмэ, ар процент 21,6-рэ нэхъыбэщ.

Езы КъБР-м къыхэхъуа мылъкум и гугъу пщIымэ, ар сом мелард 27-м щIегъу. Ари илъэс блэкIам а пIалъэ дыдэм къриубыдэу щIыналъэм иIам еплъытмэ, процент 28-кIэ нэхъыбэщ. ЩIыпIэ бюджетхэм я хэхъуэр процент 17,5-кIэ бэгъуащ. Езы Управленэм мазих нэужьым хэхъуэу сом мелуан 385-рэ иIэу къыщIэкIащ. Нэгъабэрейм елъытауэ, бжыгъэр хуэдипщI нэхърэ нэхъыбэкIэ бэгъуащ. Мылъку IуэхукIэ щIыналъэм и пщэ дилъхьэжа псори и чэзум нэгъэсауэ егъэзащIэ.

Экономикэм щIэгъэхуэбжьауэ зезыгъэужьыр хэхыпщIэхэмрэ къэрал лъэпкъ проектхэмрэщ, ар зэрыщIыналъэу е къалэ щхьэхуэхэм епхауэ ирехъу. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, КъБР-р Урысейм хыхьэ адрей щIыналъэхэм япэ итхэм ящыщщ мылъку къыхуаутIыпщыр зыхухахахэм зэрытрагъэкIуадэмкIэ.

КIуэкIуэ Казбек и гугъу ищIащ Управленэм и лэжьыгъэр мылъкур здэмыкIуапхъэм трамыгъэкIуэдэным сакъыу кIэлъыплъу къызэгъэпэщын зэрыхуейм, псом хуэмыдэу, лъэпкъ проектхэр щагъэзащIэкIэ, ахъшэм и къэгъэсэбэпыкIэм хабзэм имыдэн къыхамыгъэхуэн хуэдэу.

# Мурадхэри, плъапIэхэри, хъуэпсапIэхэри

**КъБР-р мы гъэм илъэси 100 зэрырикъур КIуэкIуэ Казбек цIыхубэм ягу къигъэкIыжащ**.

- КУЭД дэмыкIыу дэ дгъэлъэпIэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрыр илэси 100 зэрырикъур, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм напэкIуэцIым. - Илъэсищэр зэрыдгъэлъапIэр зи ныбжь ирикъуа къэралыгъуэу дызэрыщытым, щIыналъэм ис цIыхубэр зэрызэкъуэтым я нэщэнэщ. Политикэм, экономикэм, щэнхабзэм, цIыхубэ гъащIэм щызэфIэува Iуэху нэгъэса куэдым я Iэужьщ ар.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьыху цIыхубэр я къару емыблэжу зэрылэжьам и щыхьэтщ ар. Дэри ди ужь къиувэнухэми тлъэкI къэдгъанэ хъунукъым ди республикэр нэхъри ефIэкIуэн папщIэ. Шэч къытесхьэркъым а къалэныр пщIэ пылъу зэрытхуэгъэзэщIэнум», - жиIащ щIыналъэм и УнафэщIым.

Республикэм зиужьын папщIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэхын зэрыхуейм тепсэлъыхькIэрэ, КъБР-м и къэрал лэжьакIуэ щэджащэу щыта Мэлбахъуэ Тимборэ и псалъэхэр игу къигъэкIыжащ: «ЦIыхур, зы лъэныкъуэкIэ, псэуну илъэси 100 къыхуэнэжам хуэдэу, адрей лъэныкъуэкIэ, иужьрей махуэ къигъащIэм хуэдэу лэжьэн хуейщ. Абы сыт къикIыр жыпIэмэ, мыхьэнэ куу яIэщ а псалъэхэм. «Лэжьэн» жиIэмэ, Iуэхур жыжьэ умыгъэIэпхъуэу, пщэдей сщIэнщ жыпIэу Iэпэдэгъэлэл умыщIу, щIыхуэ зытумыгъахуэу улэжьэнырщ къикIыр, ауэ щыхъукIэ мурадхэри, плъапIэхэри, хъуэпсапIэхэри уиIэн хуейщ, зэман гъунэгъури жыжьэри зэбгъэзахуэу».



# ЛIыхъужьхэм я дамыгъэхэр яретыж

**Дзэ операцэ щхьэхуэ екIуэкIым хэкIуэда зауэлIхэм я къэрал дамыгъэхэр я Iыхьлыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яритыжащ. Урысей Федерацэм и Президентым и Указым ипкъ иткIэ я дзэ къулыкъур щагъэзащIэм къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэ, хахуагъэрэ псэемыблэжагъым папщIэ Хахуагъэм и орденыр дунейм ехыжауэ хуагъэфэщащ ефрейтор Абей Ахьмэд Хъусен и къуэм, сержант Гороев Азэмэт Аслъэн и къуэм, сержант Гъуэщокъуэ Темыркъан Заур и къуэм, рядовой Мурзаев Руслан Ильмутдин и къуэм, лейтенант ХьэтIэхъу Iэдэм Заурбий и къуэм**.

«ДИ зауэлIхэм щIыхьрэ хахуагъэрэ яхэлъу я къулыкъур ягъэзэщIащ, я Хэкур щахъумэжым лIыхъужьыгъэ нэс къагъэлъэгъуащ. Мис абыхэм я щапхъэхэмкIэщ иджырейхэри къэкIуэну ныбжьыщIэхэри гъэсэн зэрыхуейр. Абыхэм я цIэр къыхэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей къэралыгъуэми я тхыдэм. Дэтхэнэ зы унагъуэм и дежкIи ахэр зэрыхэкIуэдар пхуримыгъэкъужын хэщIыныгъэщ, дэри дывдощыгъуэ икIи сытым дежи дыфщIыгъуэщ. ЛIыхъужьхэм я цIэр ди гум лIэщIыгъуэкIэ илъынщ. Апхуэдэ къуэфIхэр зыгъэса адэ-анэхэм ди щхьэр яхудогъэщхъ. Фэеплъ дахэ яIэну», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм захуигъазэу.

ХэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм яхуэгузэващ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафIэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIыу ФедерацэмкIэ Советым щыIэ Ульбашев Мухьэрбий, КъБР-м щыIэ къэрал инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, КъБР-м и дзэ комиссарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Будаков Антон, Прохладнэ къалэ, Бахъсэн, Прохладнэ, Тэрч, Шэрэдж щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэу Архангельский Вячеслав, Балъкъыз Артур, Журавлёв Андрей, Дадэ МуIэед, Кульбаев Алан сымэ.

# Налогыу къэрахьэлIэм хохъуэ

**УФ-м и налог IэнатIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI ГубэщIыкI Аслъэн КъБР-м и Iэтащхьэм лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ**.

ЩIЫНАЛЪЭ налог IуэхущIапIэм и унафэщIым республикэм и Iэтащхьэр щигъэгъуэзащ федеральнэ, республикэ, щIыпIэ бюджетхэмкIэ къыхуагъэлъэгъуа планыр гъэзэщIа зэрыхъум, апхуэдэуи 2022 гъэм налогхэмкIэ яIэ хэхъуэм.

Хъыбарым къызэрыхэщамкIэ, УФ-м и бюджет зэхэтым мы илъэсым и япэ мазихым къриубы-дэу сом меларди 9,9-рэ къыхэхъуащ, ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, сом мелард 1,6-кIэ нэхъыбэщ. Федеральнэ бюджетым и хэхъуэр сом меларди 2,5-м щIигъуащ. Хэхъуэр зэрыбагъуэр къэзыгъэлъагъуэ пщалъэр, нэгъабэрейм тепщIыхьмэ, хъарзынэу дэкIуеящ.

КъБР-м и бюджет зэхэтым и хэхъуэр сом меларди 6,4-рэ хъуащ, нэгъабэ и япэ мазихым елъытауэ ар сом мелуан 634-кIэ нэхъыбэщ. Хэхъуэм и нэхъыбэр къэзытыр НДФЛ-м, УСН-м, IуэхущIапIэхэм я мылъкум къыпэкIуэрщ. Экономикэм и унэтIыныгъэхэм ящыщу нэхъ псынщIэу зызыужьхэм ящыщщ илъэс зыбжанэкIэ къэкI къэкIыгъэхэм елэжь IэнатIэр, ухуэныгъэр, хьэщIэщхэм, шхапIэхэм епха хьэрычэтыщIэ Iуэхур. Республикэ бюджетым къыIэрыхьащ сом меларди 4,7-рэ, щIыпIэ бюджетхэм - сом мелард 1,6-рэ. Бюджет фондхэм щымыщ хэхъуэхэр сом меларди 5,2-рэ хъуащ. Налогыу къыхэкIым хэхъуэурэ макIуэ.

ЕтIуанэ илъэс ныкъуэми налогыу къыхэкIым зэхъуэкIыныгъэ иIэкъым, нэгъабэ и мазиблым ебгъапщэмэ, нэхъыбэ хъуурэ макIуэ.

КIуэкIуэ Казбек жиIащ иджыпсту щыIэ экономикэ щытыкIэ гугъум емылъытауэ, налог IэнатIэхэм я лэжьыгъэм къыщагъэлъагъуэ бжыгъэхэм хэщIыныгъэ щымыIэну зэрыгугъэр икIи къыхигъэщащ УФ-м и Правительствэм къыхилъхьауэ щыта, хьэрычэтыщIэ Iуэху мащIэмрэ курытымрэ хуэгъэзауэ кризисым зэрыпэщIэтыну налог политикэм адэкIи къыпыщэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.





# Щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр къагъэщIэрэщIэж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэгъэхуэбжьауэ щаухуэ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей щыхуагъэзэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэ 70-м нэблагъэ.**

«ЩЭНХАБЗЭ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ гъуазджэхэмкIэ школхэр, библиотекэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, музейхэр, театрхэр къагъэщIэрэщIэж, Iэмэпсымэхэмкiэ къызэрагъэпэщ.

Псалъэм папщIэ, нэгъабэ къагъэщIэрэщIэжащ Балъкъэр театрыр, Театр щхъуантIэр, Гуащэ театрыр, Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэр, «Спартак» стадионыр, Прохладнэ къалэм дэт Щэнхабзэ уардэунэр. Дзэлыкъуэдэс къуажэ ЩэнхабзэмкIэ унэщIэ щаухуащ, Джэрмэншык, Балъкъэр Ипщэ, Дальнэ къуажэхэм щэнхабзэмкIэ я унэхэр къагъэщIэрэщIэжащ. Къып Мухьэмэд и цIэр зэрихьэу Къулъкъужын Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ сабийхэм я еджапIэр, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и музыкэ школымрэ Хьэтуей къуажэм дэт библиотекэмрэ зэрагъэпэщыжащ.

«Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ заужьыну, я мурадхэр зрагъэхъулIэну, зрагъэужьыну Iэмал нэхъыбэ яIэ хъуащ. Нэхъыщхьэращи, ди щIыналъэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ бейр, хабзэ дахэхэр хъума, егъэфIэкIуа хъунымкIэ а IуэхущIапэхэм я мыхьэнэр къэлъытэгъуейщ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъу илъэсым щэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэ куэд къагъэщIэрэщIэжынущ. Абы ирихьэлIэу, НыбжьыщIэ театрым елэжьыжыныр яухынущ. IуэхущIапIэм и унащхьэр яхъуэжащ, кIапсэрэ бжьамийуэ екIуалIэр зэрахъуэкIащ. Зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэр абы нэхъ тыншу екIуэлIэн папщIэ, лифтрэ дэкIуеипIэ щхьэхуэрэ хуащIащ.




Театр гупэм тращIыхьа теплъэгъуэр куэдым къызэрацIыхужынуми шэч хэлъкъым.

Щэнхабзэ зыужьыныгъэм и IуэхущIапIэу Налшык щаухуэм гъуазджэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуауэ гуэшауэ класс щхьэхуэхэр иIэнущ. Зэхыхьэ гуапэхэр щрагъэкIуэкIыну пэш ин, къафэхэмрэ гимнастикэмрэ щыхуагъасэ пэш, шхапIэ, щыгъын хъумапIэхэр иIэнущ абы.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIынущ щэнхабзэмкIэ унэхэм. Дыгулыбгъуей, Ташлы-Тала, Къамлыкъуэ, Жэмтхьэлэ къуажэхэм, Тэрч, Май къалэхэм дэтхэр мы мазэм зехьэн яухыну я мурадщ. Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэри зэрагъэпэщыжахэм ящыщщи, фокIадэ мазэм лэжьэн щIидзэжынущ. Зыхуей хуагъэзауэ я бжэхэр къызэIуахыж Александровскэ жылэм, Аруан къуажэм щэнхабзэмкIэ я IуэхущIапIэхэр. Уэзрэдж къуажэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм къызыхуэт щымыIэу зехьэн щаухынур гъэ къакIуэщ.

Иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ Дзэлыкъуэ, Iуащхьэмахуэ щIыналъэхэм я музейхэр.

Налшык и музыкэ школ №2-мрэ Анзорей дэт гъуазджэхэмкIэ школымрэ зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрагъэпэщыжауэ мы гъэм и дыгъэгъазэм лэжьэн щIадзэжынущ. Прохладнэ къалэм гъуазджэхэмкIэ сабийхэм я еджапIэр 2023 гъэм и кIэхэм зехьэн яухыну я мурадщ.

Налшык дэт Литературэ музеймрэ Кулиев Къасын и цIэр зэрихьэу Шэджэм щIыналъэм щыIэ пасэрей унэмрэ къагъэщIэрэщIэжауэ фрагъэблагъэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр библиотекэхэми ялъэIэсащ. Япэрей тхылъ хъумапIэхэм къащхьэщыкIыу, иджырейхэм я тхылъхэм щыщ куэд Интернетым къыщыбгъуэтыфу ящIащ, тхылъхэм щIэ куэд къыхагъэхъуащ, езы библиотекэхэр иджырей зэманым къигъэув мардэхэм тету зэрахьащ. Налшык къалэм дэт библиотекэхэм ящыщу тIур шыщхьэуIу мазэм и кIэхэм къызэIуахыжынущ.

«Щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр - творческэ цIыхухэр зэзышалIэ, къыдэкIуэтей щIэблэм гъэсэныгъэ щрагъэгъуэт, къалэдэсхэмрэ къуажэдэсхэмрэ я дежкIэ мыхьэнэ зиIэ дауэдапщэхэр, зэIущIэ щхьэпэхэр щрагъэкIуэкI IэнатIэщ. Абы куэд мыщIэу щекIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм и илъэсищэр зэрагъэлъапIэ Iуэхухэр», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Бюджетыр тэмэму ягъэзащIэ

КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэхыхьэ иригъэкIуэкIащ абы и УнафэщI **Мусуков Алий**. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Мэкъуауэ Тимур** сымэ.

ЗэIущIэм Iуэхугъуи 9-м щыхэплъащ, зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ Правительствэм и унафэ зыбжанэм я проектхэм.

Нэхъыщхьэу зи гугъу ящIахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2022 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэрагъэзэзэщIам теухуа правительствэ унафэм и проектыр. КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Калабеков Азэмэт зэрыжиIамкIэ, къызэднэкIа илъэс ныкъуэм республикэм хэхъуэу иIащ сом мелард 27,6-рэ. Ар 2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм диIам нэхърэ процент 26-кIэ нэхъыбэщ.

- Республикэ бюджетым и хэхъуэр илъэс псом тещIыхьауэ къапщтэмэ, мазих блэкIам процент 52,6-кIэ къыдэхъулIащ. Налог хэхъуэр процент 52-рэ мэхъу, ар ахъшэу сом мелларди 7-м щIегъу. Республикэм ахъшэу къигъэсэбэпам и гугъу пщIымэ, ар сом мелард 27,4-рэ хъуащ.

Езым ди хэхъуэмрэ дотацэмрэ я фIыгъэкIэ - сом мелард 15,3-рэ, къытхуаутIыпщ ахъшэмрэ федеральнэ мылъкум къыхэкIамрэ сом мелард 12,1-рэ мэхъу. Къэдгъэсэбэпа мылъкум щыщу къытхуаутIыпщамрэ федеральнэ бюджетым къыхэкIамрэ – сом мелард 12,1-рэ мэхъу. Къытхэхъуамрэ къэдгъэсэбэпамрэ зэплъытмэ, къытхэхъуар сом мелуани 192-кIэ нэхъыбэщ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министр Асанов Алим правительствэ зэIущIэм хэтхэм я пащхьэ кърихьащ Донбассым щекIуэкI дзэ Iуэху хэхахэм хэту уIэгъэ хъуахэмрэ хэкIуэдахэмрэ я унагъуэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ етыным теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэм ищIа унафэр зэрагъэзэзэщIэну щIыкIэр. Асановым зи гугъу ищIа IуэхугъуиплIри даIыгъащ.

ЗэIущIэм и кIэухым КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд и пщэ кърalъхьа къалэн гуапэр зэфIигъэкIащ – Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и фIыщIэ тхылъыр КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий къыхуагъэфэщати, иритыжащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Мы махуэхэм

**ШыщхьэуIум и 6,** ***щэбэт***

♦**Ядернэ Iэщэр къагъэсэбэпу мыдэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Хиросимэ и дунейпсо махуэщ**
♦**«Дунейм и дохутырхэр мамырыгъэм и телъхьэщ» дунейпсо махуэщ**
♦**1927 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къасым Алий**.
♦**1934 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыщ тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Челик Уэсмэн (Хьэкъуратэ)**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Хьэрэдурэ Динэ**.
♦**1964 гъэм** къалъхуащ опернэ уэрэджыIакIуэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ **Шэгъудж Маринэ**.
♦1969 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Пащты Лолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 7,** ***тхьэмахуэ***

♦**1646 гъэм** адыгэпщ Черкасский Муцалрэ къэзакъ атаман Пожарский Семёнрэ зауэлI мини 6 зыхэт я дзэр Нурадин-Джэрий и лагерым теуэри, зэтракъутащ.
♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкIэ щагъэуващ.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 8,** ***блыщхьэ***

♦**Офтальмологием и дунейпсо махуэщ**
♦**Альпинизмэм и дунейпсо махуэщ**
♦**1942 гъэм** ЗыхъумэжыныгъэмкIэ Налшык комитетым унафэ ищIащ республикэм и къалащхьэм и къыдыхьэпIэхэм быдапIэхэр щаухуэну, щIытI лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну.
♦**2008 гъэм** Китайм и къалащхьэ Пекин къыщызэIуахащ XXIX гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ абы чемпион щыхъуауэ щытащ адыгэ щIалэ Хъущт Асльэнбэч.
♦**1937 гъэм** къалъхуащ балетмейстер **Марыщ Заур**.
♦**1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Къудали Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**
**Уи псалъэ гъэмащIэ, уи фIыщIагъэ гъэкуэд.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр хуощыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ **Асановэ Иннэ Солтан-Мурат и пхъум** абы и анэ **Асановэ Майе Алъхъэс и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Нэм и узыр нахуэщи...



**Махуэшхуэр трагъэхуащ иджырей офтальмолог цIэрыIуэ Фёдоров Святослав къыщалъхуа махуэм. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык дэт «ЛЕНАР» клиникэм. Къыхэгъэщыпхъэщ Фёдоров Святослав къызэралъхурэ илъэс 95-рэ щрикъум абы и гъэсэнхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуаха медицинэ IуэхущIапIэр зэрыщыIэрэ илъэс 25-рэ зэрыхъур.**

А ЗЭМАНЫМ къриубыдэу клиникэм республикэми Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэми узыншагъэр хъумэнымкIэ я Iэнатlэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ, хирург цIэрыIуэм и Iэзэгъуэ телъыджэхэр IэщIагъэм къыщагъэсэбэпкIэрэ. Абы и гуащIи и зэфIэкIи хэлъщ 1997 гъэм «ЛЕНАР»-м и тхыдэр къызэрыщIидзам. Аращ иджырей Iэмал псори къагъэсэбэпу нэхэр гъэхъужыным теухуауэ сымаджэхэм Iэзэгъуэ нэхъыфIхэр щагъуэт уней медицинэ IуэхущIапIэу Урысейм япэу къыщызэIуахар. Нобэ абы и къудамэхэр ехъулIэныгъэхэр яIэу Ставрополь крайм, Шэшэн, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэхэм щолажьэ, дэтхэнэ зыми зыхуэныкъуэ IуэхутхьэбзэелъытакIэ фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ абыхэм щагъуэтыфынущ. Апхуэдэ и зэфIэкIхэм папщIэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ Фёдоров Святослав и цIэр зезыхьэ, медицинэ технологие пэрытхэм зегъэужьынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъу фондым и фэеплъ медалымрэ щIыхь тхылъымрэ. Клиникэм зыIеригъэхьа ехъулIэныгъэхэр унэтIыныгъэ куэдым къыщалъытащ. Мызэ-мытIэу ар Къэбэрдей-Балъкъэрми Ставрополь крайми щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм я нэхъыфIу къалъытащ, урысейпсо, щIыналъэ зэпеуэхэм я саугъэт нэхъыщхьэхэри къыхуагъэфэщащ. Яндексыр къэзыгъэсэбэпхэм клиникэм къылъагъэсащ «ЩIыпIэ нэхъыфI-2020» вагъуэр.

IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр ефIакIуэ зэпыту йокIуэкI, абы и унафэщIхэр сытым дежи хущIокъу сымаджэхэм я тыншыпIэм хуэщIауэ Iуэхутхьэбзэхэмзэрыхагъэхъуэным. «ЛЕНАР»-р зэрыщыIэ зэманым къриубыдэу ар дэIэпыкъуэгъу хуэхъуащ цIыху 700000-м щIигъум. Абыхэм гупсэхугъуэ зратыжхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Ар и щыхьэтщ цIыху куэдым абы дзыхь зэрыхуащIым.

- Сэ Iэмал сиIащ ди къалащхьэми хамэ къэралхэми щыIэ офтальмологие клиникэ нэхъыфIхэм си нэм щезгъэIэзэну, - жеIэ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Циканов Мухьэмэд. - Ахэр къызэрызэгъэпэщамрэ къызэроIэзэ Iэмалхэр зыхуэдэмрэ щыгъуазэ зыхуэсщIа нэужь, сэ къызгурыIуащ «ЛЕНАР»-р абыхэм зыкIи къазэрыкIэрымыхур. Клиникэм и Iэмэпсымэхэр европей мардэм хуокIуэ. Апхуэдэуи уи узыншагъэр дзыхь зыхуэпщIыну IэщIагъэлIыр къыхэпхынми мыхьэнэшхуэ иIэщ. «ЛЕНАР»-м и дохутырхэм зыпэрыт Iуэхум фIыуэ зэрыхащIыкIри згъэунэхуащ. Сэ куэд щIауэ социыху клиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ Къардэн Лариси абы и унагъуэри. Жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъ икIи Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъщ ар. Абы и Iуэху еплъыкIэм дзыхь хуэсщIри, Налшык дэт медицинэ IуэхущIапIэм си нэр операцэ щезгъэщIауэ щытащ икIи сыхущIегъуэжакъым. Си ужькIэ си щхьэгъусэми щызригъэIэзащ а клиникэм. Псом хуэмыдэу дыщыгуфIыкIащ илъэс 90 зи ныбжь си адэми и Iуэхур хъарзынэу абы зэрыщыдэкIам. Ар Балъкъэр Ипщэ къуажэм щопсэу икIи жыжьэ етшэжьэн хуей хъуамэ къытехьэлъэнут. ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу мы клиникэм абы къыщыхуащIащ зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэр, иджы, япэми хуэдэу, ар хуиту матхэ, КъурIэным йоджэ, телевизор йоплъ. Ди унагъуэм дгъэунэхуащ «ЛЕНАР»-м фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыщыбгъуэтыфынур. ЦIыхум тыншу и Iуэху зэрыдэкIыным хуэщIащ абы я лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэр. Дохутырхэращи, я Iэзагъым къыдэкIуэу я гулъытэкIи укъыдахьэхыу апхуэдэщ. Фёдоровым и «еджапIэр» къэзыуха цIыху телъыджэщ ахэр, я гъэсакIуэм хуэфащэуи абы и Iуэхум къыпащэ. Шэч хэлъкъым, «ЛЕНАР»-м хуэдэ клиникэхэр узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и къызэгъэпэщакIуэхэм я дежкIэ щапхъэу зэрыщытыпхъэм.

- Си нэхэм зэралъагъум кIэрич щыхъум, зи щытхъу куэд зэхэсха «ЛЕНАР» клиникэм сыкIуащ, - жеIэ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм и кафедрэм и унафэщI, профессор Иуан Анатолэ. - Пэжыр жысIэнщи, Iуэхур псынщIэу зэфIэкIынуи сыгугъэртэкъым. КъызэрыщIэкIамкIэ, клиникэм иIэщ узыфэр зыхуэдэр щыуагъэншэу къызэрахутэ оборудованэ лъэщхэмрэ операцэм и фIагъыр куэдкIэ зэлъытыжа иджырей Iэмэпсымэхэмрэ. IуэхущIапIэм къыщагъэсэбэп Iэзэгъуэ Iэмалхэм я сэбэпынагъыр зэрызгъэунэхуам къыхэкIыу сэ чэнджэщ язот я нэхэмкIэ гукъеуэ зиIэ си благъэIыхьлыхэми си лэжьэгъухэми «ЛЕНАР»-м кIуэну. Операцэ нэужьым занщIэу зыхыбощIэ нэхэм зэралъагъур зэрефIэкIуэжыр. Сэ Налшык дэт клиникэми абы и къудамэу Пятигорск щыIэми си нэхэм щезгъэIэзащ. ТIуми я лэжьыгъэр зэпэщу, дагъуэншэу йокIуэкI. Iэзагъышхуэ яхэлъу, жэуаплыныгъэр зыхащIэу, псоми я гулъытэ лъагъэсу зи IэнатIэм пэрыт гупым фIыщIэ яхузощI. Уи нэхэм нэхъапэм яIа жанагъыр ягъуэтыжауэ гъащIэм ухэплъэжыным къуит гухэхъуэр къызэрыпхуэIуэтэн псалъэ къэгъуэтыгъейщ! Ди медицинэ къудамэм и студентхэм лэжьыгъэ и пIалъэм зыхагъэгъуэзэнымкIэ «ЛЕНАР»-р зихуэдэ щымыIэ IуэхущIапIэу сэ къызолъытэ.

Нэм щеIэзэ клиникэм и цIэр фIыкIэ зэрыIуар куэдкIэ и фIыщIэщ абы щекIуэкI лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ жыджэр, IуэхущIапIэм и зыужьыныгъэм зи гуащIэ емызэшу хэзылъхьэ, ар къызэрызэрагъэпэщ махуэрэ и унафэщI Къанкъул Риммэ. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщымкIэ, я ехъулIэныгъэм и лъабжьэр къыщежьэр я деж къекIуалIэ сымаджэхэм я арэзыныгъэр къэхьыныр я къалэн нэхъыщхьэу зэрызыхуагъэувыжарщ.

- Дэ дыхущIокъу нобэ офтальмологием къыдит Iэмал нэхъыфI псори къызэрыдгъэсэбэпыным, - жеIэ Къанкъулым. - IуэхущIапIэм и къалэн нэхъыщхьэр нэ узыфэхэм епхауэ медицинэм къыхыхьэ Iэзэгъуэ нэхъыфIхэр къэдгъэщхьэпэурэ и зэфIэкIхэм зегъэужьынырщ. Абы щыгъуэми дэ социальнэ къалэн нэхъыщхьэу къытпэщытщ щIыналъэм щыпсэу дэтхэнэ зыми, мылъкукIэ иIэ хэхъуэр зыхуэдэм емылъытауэ, ди Iуэхутхьэбзэхэр къигъэсэбэпыфу лэжьыгъэр зэтеублэныр. Клиникэр зэрыщыIэ зэманым къриубыдэу ныкъуэдыкъуэхэм, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, пенсионерхэм, студентхэм, еджакIуэхэм, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэнахэмрэ яхуэгъэза социальнэ программэ щхьэхуэ мэлажьэ, апхуэдэуи илъэсым къриубыдэу псапащIэ Iуэху зыбжанэ идогъэкIуэкI. КъищынэмыщIауэ, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ клиникэм и офтальмологие Iуэхутхьэбзэхэр пщIэншэу зэбгъэгъуэтыфынущ. «ЛЕНАР»-м и юбилей илъэсым IуэхущIапIэм и зэфIэкIхэм хэдгъэхъуэнущ, Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым клиникэм и къудамэщIэ къыщызэIутхынущ мыгувэу. Абы хэтынущ фIагъ лъагэ зиIэ иджырей технологиехэмкIэ къызэгъэпэщауэ операцэ щрагъэкIуэкI пэш, жэщми махуэми сымаджэхэм щакIэлъыплъ, сабийхэм щеIэзэ къудамэхэр.

Илъэс 25-м къриубыдэу клиникэм и лэжьакIуэ гупым ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэрагъэхьащ. IуэхущIапIэр къыщызэIуахам абы щылажьэхэр цIыхуи 8 хъууэ щытамэ, нобэ ар офтальмологие технологие пэрытхэр зи IэнатIэм къыщызыгъэсэбэп, зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлI гупщ.

«ЛЕНАР» клиникэм и медицинэ IэнатIэм и унафэщIщ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Къардэн Ларисэ. А бзылъхугъэмрэ абы и щхьэгъусэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Джабер Наиф Ахьмэдрэщ, Фёдоров Святослав и гъэсэну щыткIэрэ, я акъылэгъу гупым я гъусэу клиникэр къызэIухынымкIэ жэрдэмщIакIуэу щытар.

- Фёдоров Святослав зыхущIэкъуарщ, фIагъышхуэ зиIэ технологиехэр IэнатIэм къыщыгъэсэбэпынырщ, къэралым щагъэзащIэ лъэпкъ проектхэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр, - жеIэ Ларисэ. - Клиникэр къызэрызэIутх махуэрэ дэ догъэзащIэ ар зыщIэхъуэпсар. IэнатIэр щIэх-щIэхыурэ иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызыдогъэпэщ, нэхэм епха узыфэ псори гъэхъужынымкIэ IэзэгъуэщIэхэр ди лэжьыгъэм къыхыдогъэхьэ, хирургием къыдэкIуэуи лазер Iэмалхэр жыджэру къыдогъэсэбэп. А псом я фIыгъэкIэ балигъхэм я мызакъуэуи, сабийхэми зыхуэныкъуэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр ди деж щагъуэт.

Я егъэджакIуэм, гъэсакIуэм и фэеплъу «ЛЕНАР»-м и лэжьакIуэхэм 2001 гъэм къыхалъхьауэ щытащ «Прекрасные глаза - каждому» псапащIэ Iуэхур. Ар къыдаIыгъащ Урысейми хамэ къэралхэми нэм щеIэзэу щыIэ клиникэхэм. Абы лъандэрэ илъэс къэс шыщхьэуIум и 8-м, офтальмолог цIэрыIуэр къыщалъхуа махуэм, гупыж зыщIа дэтхэнэми и нэхэм я щытыкIэр зыхуэдэр къапщытэу Iуэху щхьэпэ ирагъэкIуэкI.

КъэкIуэнум хуэплъэу клиникэм зыхуигъэувыжа къалэн нэхъыщхьэр, япэхэми хуэдэу, цIыхухэм сэбэп яхуэхъунырщ, зэманым декIуу заужьынырщ.

**УЛЬЯНОВЭ Татьянэ**.



Шэдхъурей цIыкIу гуэлыр.

# Шэдхъуреишхуэмрэ Шэдхъурей цIыкIумрэ

**Дыщалъхуа щIыналъэм щIыпIэ дахэ куэд иIэщ. Абыхэм ящыщщ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Каменномост къуажэм пэмыжыжьэу иIэ Шэдхъурей гуэлхэр. Абыхэм зыплъыхьакIуэхэр зыIэпашэ, псалъэкIэ пхужымыIэным хуэдэщ а щIыналъэм и телъыджагъэр.**

ИЩХЬЭМКIЭ укъыщеплъмэ, ахэр нэхэм ещхьщ. Гуэлхэм я зы лъэныкъуэмкIэ мэкъупIэщ, адреймкIэ мэзщ, дей жыг хадэщ. Ахэр тIу мэхъу: Шэдхъуреишхуэрэ Шэдхъурей цIыкIурэ. ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэм гуэлхэр щы хъууэ щытащ, ауэ я щхьэусыгъуэр ямыщIэу езыр-езыру игъущыкIащ, кумбышхуэ къанэри. Шэдхъурей гуэлхэр егъэлеяуэ зэрыдахэм и мызакъуэу, щэху куэди яIэщ. Абыхэм ит псыр зыщIыпIэкIи къыщилъадэркъым икIи щижыжыркъым, я кууагъым зимыхъуэжу щагъэтщ псыщIагъ псынэхэм. ЩIымахуэми гъэмахуэми псым и хуабагъыр градуси 10 - 15-м фIэкIыркъым. Псыр зэрыщIыIэм къыхэкIыу цIыхухэм абы зыщагъэпскIыфыркъым, ауэ бдзэжьей къыщаубыд.

Гуэлхэм я теплъэкIэ кумбышхуэхэм псы ит хуэдэщ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Шэдхъуреишхуэм и кууагъыр метр 300-м щIегъу. Гуэл щIагъым щежэх псыхэм, архъуанэхэм, иIэ бгъуэнщIагъхэм гугъу ящI абыхэм я кууагъыр зыхуэдизыр щыуагъэншэу къапщыныр. Шэдхъуреишхуэм Ипщэ гуэлкIи йоджэ, и теплъэкIэ хуэкIыхь хъурейуэ щытщ, ит псыр щхъуантIафэщ, псы Iуфэри апхуэдэу задэкъым. Абы метр 270-рэ и кIыхьагъщ, метри 170-рэ и бгъуагъщ. ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм и блыщI гъэхэм кIэнауэ датIыкIауэ щытащ, абы ирашу губгъуэхэм псы щIагъэхьэн мурадкIэ, ауэ зы жэщым псыр фIыуэ нэхъ чэнж хъуат, псы ткIуэпси губгъуэм нэмысу. Гуэлыр имыгъущыкIыпэн щхьэкIэ кIэнауэр ягъэсеижауэ щытащ.

Шэдхъурей цIыкIум щхьэкIэ Ищхъэрэ гуэли жаIэ. Ар нэхъ хъурейщ, ит псыри нэхъ фIыцIафэщ. Абы метри 160-рэ и кIыхьагъщ, метри 110-рэ и бгъуагъщ, и Iуфэр лъагэщ икIи задэщи, убгъэдыхьэфыркъым. Гуэл щхьэфэр щэхущ, сабырщ, ауэ и щIагъым щежэх псыхэмрэ архъуанэхэмрэ шынагъуэщ, цIыху куэди итхьэлащи, ухыхьэу ядэркъым. Аквалангистхэми яфIэфIкъым абы хыхьэн.

ЦIыхухэм хъыбар шынагъуэ жаIэж а гуэлхэр къызэрыхъуам теухуауэ. Пасэ зэманым а щIыпIэр хъупIэу, зэкъуэшищым Iэщ щагъэхъуу щытащ. Зэгуэр абыхэм губгъуэр яхуэмыгуэшу зэщыIейхэри, зэбий хъуащ. Я нэпсеягъэм къыхэкIыу, Тхьэр къэгубжьщ, щIыр зыгуигъэхури, Iэхъуэхэри Iэщхэри дигъэхуащ, иужькIэ а щIыпIэм деж гуэлищ къыщыунэхуащ.

Абыхэм япэгъунэгъу къуажэхэм щыпсэу цIыхухэм а щIыпIэр фIыуэ ялъагъуркъым, шынагъуэу ябж, Iэмалыншэ мыхъуауи гъунэгъуу бгъэдыхьэркъым.

Мыри гъэщIэгъуэнщ. 1972 гъэм Шэдхъурей цIыкIум и деж «Земля Санникова» фильмым щыщ Iыхьэ зыбжанэ щытрихауэ щытащ «Мосфильм» киностудием. Абы дуней псом щыцIэрыIуэ къэфакIуэ Эсамбаев Мэхьмуд роль щигъэзэщIащ.

**БИЦУ Жаннэ**.



Шэдхъуреишхуэ гуэлыр.

Iуэху еплъыкIэ

# Сабийм и зэфIэкIыр адэ-анэм я деж къыщожьэ

**Куэд щIауэ сегъэпIейтей зы Iуэхугъуэм: сабийм и школ кIуэгъуэ хъуарэ мыхъуарэ къызэрыпщIэнум. Пэжщ, пыухыкIауэ яубзыхуа ныбжь щыIэщ (илъэсихрэ мазихым щегъэжьауэ илъэсий ныбжьым фIэмыкIыу) курыт еджапIэм щIэтIысхьэн хуейуэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, тIэкIу нэхъ пасэуи, мазэ бжыгъэкIэ нэхъ кIасэуи бгъакIуэ хъунущ, укъызытеувыIэн хуейри сабий къэс езым щхьэхуэу иIэж зыужьыкIэмрэ псэ псыхьыкIэмрэщ. Мис ар зэхэгъэкIынырщ адэ-анэр нэхъ зэлIэлIапхъэр, школым, психологхэм къагъэув мардэхэр, езыхэм я набдзэгубдзаплъагъэр щIыгъужу, Iуэхум къыхэлъытауэ. Си мызакъуэу, зи быным и ехъулIэныгъэмрэ и узыншагъэмрэ къызыфIэIуэху адэ-анэ куэд Iууа къыщIэкIынщ апхуэдэм.**

ШКОЛЫМ кIуэным сабийр зэрыхуэхьэзым игъэпIейтей адэ-анэхэр гупитIу егуэш. Япэхэм, школым хуэгъэхьэзырыным щегупсыскIэ, нэхъыщхьэу къалъытэр еджэнырщ, тхэнырщ, бжэнырщ (инджылызыбзэ егъэщIэнри абы хэтыжщ, дифференциальнэ уравненэхэр ящIыжынри щIыгъущ), кIэщIу жыпIэмэ, я губзыгъагъэрщ. Адрейхэр нэхъ зыгъэгузавэр я псэкупсэм, щхьэ куцIым я зыужьыныгъэрщ.

Иджыри нэгъуэщI гупитI щыIэщ. Язынықъуэхэм илъэсий хъу сабийм школыр зэшыгъуэ къыщыхъуну, адрейхэм - илъэсихрэ ныкъуэрэ фIэкIа мыхъум къытехьэлъэну къалъытэ. Хэт захуэр? Жэуапыр къызэрыгуэкIщ. Адэ-анэхэр захуэщ - ахэращ зи бынымкIэ жэуап зыхьыр. Сыт хуэдэ унафэм фыкъытеувыIэми пэжынущ, фIыуэ фегупсысауэ Iуэхум фыбгъэдыхьэмэ.

ЩIалэ цIыкIу зиIэхэм нэхъ пасэу школым ягъакIуэмэ нэхъ къащтэу хабзэ хъуащ, дзэм къулыкъу щищIэну дэмыкI щIыкIэ зы илъэс «гъэтIыгъуауэ» иIэн папщIэ. Ар икIи къыбгурыIуэ хъунущ. Ауэ пасэу школым бгъакIуэ сабийм еджэным гущыкI хуищIынри зыхуэIуа щыIэкъым.

Сабийм и щхьэ Iуэху дигъэкIыжыфрэ? Мис а упщIэм и жэуапыр нэхъыщхьэщ сабийм хьэрфхэмрэ бжыгъэхэмрэ ицIыху-имыцIыхум нэхърэ. Вакъэ лейр езым зыщитIэгъэфрэ? Уэрамым зэрыдэт вакъэр сумкэм иригъэзэгъэжыфрэ? Классым къыщIэкIа иужькIэ ар тыншу къигъуэтыжыфрэ? ЗыгуэркIэ гъуэщамэ, мышынэу, мыукIытэу, мыгъыу здэкIуэнум щIэупщIэфыну, н. къ.?

Сэ егъэджакIуэ е гъэсакIуэ лэжьыгъэм сыпэрыту аракъым, ауэ си бынхэм сакIэлъыплъкIэрэ куэдым согупсыс, Iэджэм сегъэгузавэ, нэхъыфI зэрыхъуну щIыкIэм сыкъытеувыIэну сыхуейщ.

Къыщыщ Iэддзэнщ сабий садым и деж. Сыт абы и къалэн нэхъыщхьэр? Куэдым къызэралъытэу хьэрфхэр егъэцIыхунырк ъым, плъыфэхэр зэхигъэкIыныркъым, нэгъуэщIкъинэмыщIкъым. АтIэ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ дунейм и дахагъэр зыхегъэщIэнырщ, зы Iуэху гуэрым бгъэдэсыфу, цIыху хэтыкIэ ищIэу, гулъытэ иIэу, щэныфIэу гъэсэнырщ. Зи школ кIуэгъуэ хъуам ищIэн хуейр фIэгъэщIэгъуэнхэм я закъуэкъым, фIэзэшыгъуэхэми зэман хухихыфыпхъэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, «сщIэн хуейщи, сощIэ!» гупсысэм еувэлIауэ щытын хуейщ. Мис аращ школым зэрыхуэхьэзырыр нэхъыбэу къозыгъащIэри.

Сабий садым кIуа сабийхэр дерсхэм нэхъ щIэсыфми, зи адэшхуэ-анэшхуэм бгъэдэсахэр еджэныгъэм нэхъ къыщыкIэрыхуну абы къикIыркъым. Пэжщ, я зэтеубыдэкIэкIэ ахэр нэгъуэщIщ, ауэ сабийм гулъытэу игъуэтаращ нэхъыбэу Iуэхур зэлъытар. Зы зэманкIэ нэхъыжьхэм къыжраIэм едэIуэфу, зыгуригъаIуэу, темыплъэкъукIыу есамэ, тIэкIу гугъу дехьми, школ программэр къыхуэщтэнущ.

Иджыри мыхьэнэ мымащIэ зиIэ зы Iуэхугъуэ. Зэныбжьхэр зы гупу (зэмыныбжьу зэхэмыту) щаIыгъ къэрал е уней сабий садхэм илъэс лэжьэгъуэр сабийхэм я махуэшхуэкIэ зэхуащIыжа иужь, зэрыхабзэу ахэр школым макIуэ. Уи сабийр садыр къэзыуха адрейхэм я гъусэу школым щIэмыкIуэр (умыгъэкIуэну мурад пщIамэ) дауэ зэрыгурыбгъэIуэнур? А илъэсым гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэмрэ секцэхэмрэ пшэми и ныбжьэгъухэм «къазэрыкIэрыхуар» псэкIэ зыхищIэнукъэ? Гузэрыдзэ йомыгъэщIынри зэгупсысын хуей Iуэхущ.

Школым мыкIуэ щIыкIэ сабийм епта щIэныгъэр абы и ехъулIэныгъэм и хэкIыпIэкъым. Нэхъыщхьэр еджэныгъэм псэкIэ зэрыхуэхьэзырымрэ щIэ гуэрхэр къищIэну зэрыхуеймрэщ. Илъэс къэс школхэм щIотIысхьэ зыгуэр зыщIэхэри хьэрф зымыцIыхухэри, Iэсэлъасэхэри дрийпсрийхэри, егъэджакIуэм жиIэр зэхэзыххэри, мыдэIуэфу ар гугъу езыгъэхьхэри. Апхуэдэм деж нэхъыщхьэр сабийм и зэфIэкIыр адэ-анэм я фIэщ хъунырщ. Къэпщытэни, егъэджэни, гъэсэни, ущиини хуейщ, ауэ зым дежи щебгъэлей хъунукъым. Зэман кIыхькIэ ебгъэзэшауэ ебгъэджэнкIэ, абы къаруушхуэ зэрытригъакIуадэр зыщыбгъэгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Школым щIэтIысхьагъащIэ сабийхэр нэхъ дэзыхьэхыр джэгунырщ. Абы къыхэкIыу, егъэджэныгъэр губзыгъэу къызэбгъэпэщмэ, классым щIэс дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэбгъуэтыфмэ, джэгукIэ щIыкIэм тету дерсхэр къызэбгъэпэщмэ, сабийр зыхуэныкъуэ псори бгъэдэплъхьэфынущ.

Зи гугъу тщIахэр зыхуэкIуэр зи ныбжьыр илъэси 7 - 8-м ит, ику иту зызыужь сабий узыншэхэрщ. Унагъуэ Iэсэлъасэм къыщыхъу, псэкIэ, IэпкълъэпкъкIэ сымаджагъэ зимыIэ сабийм школ программэр къыхуэщтэнущ, шэч хэмылъу. ПсынщIэу къэзыпхъуэтэни, гугъу узыдехьын хуеи къахэкIми.

Ауэ апхуэдэ сабий къэлъыхъуэн щыхуей зэманщ дызыхэпсэукIыр. Япэ классым кIуэ цIыкIухэм ящыщ куэдым планшетхэр, жып телефонхэр яIэщ, аращ я гупсысэр кIэщIу, тхыгъэ кIыхьхэм емылэжьыфу щIыщытыр. ЕгъэджэныгъэмкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунеймкIэ дерсхэр къащIытехьэлъэри мис аращ. Хъыдан жарумэм къызэрыкIуэцIыкIыу компьютер джэгукIэхэм зэрыдрагъэхьэхым, таурыхъхэм зэрырагъэплъым къыхокI я псэлъэкIэм дерт иIэныр, я гупсысэр яхузэкIэлъымыхьыныр.

Пасэу сэ къысIэщIыхьауэ щыташ япэ классым кIуэ сабийм иIэн хуей щIэныгъэмрэ ищIапхъэмрэ зэрыт, адэ-анэм яхуэгъэза псалъэхэри къыщыхьа тхылъымпIэ напэ зыбжанэ, зэгъэубыдауэ. ИкъукIэ сигу ирихьам пцIы хэлътэкъым, упщIэу сиIэм и жэуап къыщызгъуэтынут абы. Къысхуэгъэсэбэпын-къысхуэмыгъэсэбэпыным и Iуэхур щхьэхуэт армыхъуамэ. Мыбдежым абы ит псори къыщысхьынкъым, ауэ зы псалъи иткъым хьэрфхэр, бжыгъэхэр ицIыхун хуейуэ е тхэкIэ-еджэкIэ ищIапхъэу. Пэжщ, 20-м нэс дэбжейрэ къебжыхыжыфу, пщIым нэс бжыгъэхэр зэхилъхьэфу, зэхихыфу, сыхьэт бжыгъэр ищIэу, гъэм и зэманхэр, псэущхьэхэр, къэкIыгъэхэр, зэрызиIыгъыпхъэр, гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр ищIэу щытын хуейуэ къехь. Апхуэдэщ макъхэм я Iуэхури, къэпсэлъыкIэращ зыщыгъуэзэн хуейр. И анэдэлъхубзэм хэт макъ псори гъэхуауэ жиIэфу щытын хуейщ (!). Щыпсалъэкlэ щэхуу, итIанэ ину, адэкIэ щэхуу зэкIэлъигъэкIуэфмэ, фIы дыдэщ. «Къысхуэвгъэгъу» жимыIауэ цIыхуитIым я зэпсэлъэныгъэр зэпиуд зэрымыхъунур, цIыхум и нэм ущIэплъэу уепсэлъэн зэрыхуейр, таурыхъхэр, Iуэтэж кIэщIхэр, къытегъазэ лей хэмыту, куэдрэ къэмыувыIэу жиIэжыфыныр сабийм и ехъулIэныгъэхэм я хэкIыпIэщ. Гулъытэ хэха тхыгъэм хуещI я Iэ цIыкIухэр зэрагъэлэжьэфым: къару щIалъхьэу, абыхэм зрагъэгъэпсэхуфу егъэсэным, ручкэ, къэрэндащ IыгъыкIэ ящIэным. Зэрынэрылъагъущи, гулъытэ зыгъуэт сабийм джэгу щIыкIэм тету ебгъэщIэфын, сабий садым зыщыхуагъэсэфын защIэщ зи гугъу сщIахэр. Абы щхьэкIэ гупжьей щхьэхуэ шэн, ахъшэ щIэпту лейуэ гъэхьэзырын хуейуэ си гугъэкъым. ЕгъэджакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэр нэгъуэщIынкIи мэхъу, сабийм жраIэр псалъэуха ныкъуэкIэ къагурыIуэу ахэр школым къэкIуэныр я хъуэпсапIэщи. Ауэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым сабийм и щIэныгъэр занщIэу наIуэ къыпщимыщIыфынкIи зэрыхъунур. Зы упщIэр цIыхуитIым иратмэ, зым жиIэр нэхъ зэхищIыкIыу, адрейр абы къыгурымыIуэнри зыхуэIуа щыIэкъым.

Адэ-анэм яхуэгъэза «фымыщIэу» 17-р гъэщIэгъуэнщ икIи ар дэтхэнэ зыми къыхуэщхьэпэну къысщохъу, хуэгъэзащIэ закъуэмэ. КъребжэкI: и ныкъусаныгъэхэм фытемыпсэлъыхь, хэвмыгъэзыхь, фемыгие, фемыхъурджауэ, фымыгъэпIащIэ, фемыныкъуэкъу, евмыудых. Абыхэм къашэм я гугъу тщIынкъым, зыри фIы зэрыхэмылъыр гурыIуэгъуэщи.

Сабийр школым хуэхьэзыррэ хуэмыхьэзыррэ адэ-анэм къызэращIэфыну тест ящIыгъущ тхылъымпIэхэм. УпщIэ 17 хъууэ аращ ар, псори къэсхьмэ сфIэзахуэщ (къызыхуэсэбэпын щыIэнщ).

1. Дауэ феплърэ, фи сабийр япэ классым кIуэну хуей?

2. ЩIэ, гъэщIэгъуэн куэд школым къыщищIэну и гугъэ?

3. Дакъикъэ 15 - 20-кIэ зы Iуэху пэщэщэн гуэрым (сурэт щIыным, пластилинкIэ лэжьэным) кIэрысыф?

4. ИмыцIыху щыщытым и деж мыукIытэу фхужыIэну?

5. Сурэтым ехьэлIа хъыбар кIэщI цIыкIу, псалъэуха зытхух хъурэ ахэр зэпыщIауэ хузэхэлъхьэрэ?

6. Усэ гукIэ ищIэрэ?

7. Куэд бжыгъэм иту щыIэцIэ къыхуэхьрэ?

8. Сабийм къеджэкIэ, нэхъ мыхъуми пычыгъуэкIэрэ, ищIэрэ?

9. ПщIым нэс бжэфрэ?

10. ПщIым нэс бжыгъэхэр хузэхэхрэ, хузэхэлъхьэрэ?

11. Тхыпхъэ, дамыгъэ цIыкIухэр трищIыкIыфрэ?

12. Сурэт ищIыну, ахэр ицIэлэну фIэфI?

13. Лэныстэ, клей (зыгуэр къыхигъэжу, зэкIэригъапщIэу) игъэIэкIуэлъэкIуэфрэ?

14. Iыхьитхуу зэпыупщIа сурэтыр зы дакъикъэкIэ зэхуихьэсыжыфыну?

15. Мэз, унагъуэ псэущхьэхэм ящыщхэр ицIыхурэ?

16. Кхъужьымрэ мыIэрысэмрэ зэрыпхъэщхьэмыщхьэр, нащэмрэ пхъымрэ зэрыхадэхэкIыр (зыбжанэм зы псалъэкIэ зэреджэр) къыбжиIэфыну?

17. Зы Iуэху гуэрым (псалъэм папщIэ, конструктор зэпкърылъхьэным) и закъуэу бгъэдэсыну фIэфI?

Мы упщIэхэм ящыщу 15-м «нтIэ» жэуап игъуэтамэ, сабийр школым хуэхьэзырщ. Лэжьыгъи 10 - 14-м фIэкIа пэмылъэщмэ - ику иту хуэхьэзыру аращ. Къыхэвгъэбелджылык Iахэр 9 нэхърэ нэхъ мащIэмэ, фи сабийм нэхъыбэрэ фыдэлэжьапхъэщ.

Языныкъуэ егъэджакIуэхэм (тIэкIу узэIэбэкIыжмэ) яфIэфIу щытакъым еджэкIэ-тхэкIэ зыщIэ сабийхэр къащтагъащIэ классым щыщIэсым и деж. Абыхэм уадэлажьэу зымыщIэIахэр къэбгъанэ зэрымыхъум къыхэкIыу, япэхэм дерсыр зэшыгъуэ ящыхъуу, «ар дощIэ дэ» жыхуаIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм игъэжакъуэурэ адрейхэм къащыкIэрыху щыIэу къалъытэ. ТхэкIэ ебгъащIэу яфIэфIыххэтэкъым, хьэрфхэм я тхыкIэ пэжым ахэр тебгъэхьэжыну зэрыгугъур егъэджакIуэхэм нэхъ ящIэ.

И Iуэху еплъыкIэр къасщIэмэ сфIэфIу, сэ сепсэлъат Урыху школ №2-м пэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэ Едгъул (ПщыхуэфI) Эльмирэ. Мыращ абы къызжиIар.

- Япэ классым къыщыкIуэм и деж, школым хуэхьэзырымрэ хуэмыхьэзырымрэ куэдкIэ зэщхьэщокI. Сабийм псоми зэгъусэу, зэхуэдэу къащтэркъым, атIэ а гупитIым зэхуэдэу школ программэр ебгъэщIэну, ахэр зэдэбгъэхьэзырыну икъукIэ гугъущ. Зыдэмылэжьа сабий, абы щыгъуэми сабий сад мыкIуа классым къыщыхэхуэм и деж, абыхэм зэманышхуэ ятебгъэкIуэдэн хуей мэхъу. Пэжщ, аращ дэ ди къалэныр икIи зэрытхузэфIэкIкIэ догугъу, псоми заредгъэщIэн Iэмал къыдогъуэт. Ауэ жысIэну сызыхуейращи, школым хуэхьэзырым планым тету удолэжьэф, мыдрейхэм ручкэ IыгъыкIэ, баш къитхъэкIэ ебгъэщIэху, абыхэм хуагъэса цIыкIухэм нэхъыбэж пхуегъэщIэну къонэ.

Школым щыкIуэм и деж сабийр абы зэрыхуэхьэзырыр психологхэм тест щхьэхуэхэмкIэ къалъытэ. Абы хохьэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Къапщтэмэ, дэ дызэрылажьэ «Урысейм и школхэр» программэр къеджэкIэ зыщIэ сабийм хуэгъэпсауэ щытщ.

- ЕджэкIи тхэкIи ищIэу щытыни хуейкъым. Языныкъуэ сабий садхэм щрагъащIэ хьэрфхэр, ауэ IэмалыншэкIэ зыщIыпIэ дежи щыщыткъым. Зыгуэрхэр иуцIырхъыфмэ, ручкэ IыгъыкIэ ищIэмэ аращ, - жеIэ нэгъуэщI зы IэщIагъэлIым. – ЗыхищIыкIыпхъэу ФГОС программэми къигъэувыр макъхэращ. Абыхэм тхэкIэ-еджэкIэ ящIэн хуеймэ, сыт япэ тхьэмахуэ-тхьэмахуитIым жьэрыIуатэ курс, тхэныгъэмрэ еджэныгъэмрэ щыхуагъэхьэзыр пIалъэ щIаIэр?

- Хьэрфхэр яцIыхумэ, тхэкIэ-еджэкIэ ящIэмэ фIы къыщIэкIынщ, ауэ, си щхьэкIэ нэхъ къэсщтэнущ си классым зэхуэдэу сызыдэлэжьэфын сабийхэр щIэсмэ - е псоми ящIэу, е псоми ямыщIэу. ЖысIэм арэзы къытемыхъуэн егъэджакIуи адэ-ани щыIэну къыщIэкIынщ, ауэ гугъущ куэдкIэ зэщхьэщыкI сабийхэм зэгъусэу уадэлэжьэну, - къыхегъэщ адрейм (я цIэ-унэцIэ къидмыIуэмэ нэхъ къызэращтаращ хэтми щIыжыдмыIэр).

Псори зэгупсысын хуейщ, зэпэлъытыпхъэщ, акъылым щызэгъэзэхуэгъуейщ. Абы щыгъуэми, псом нэхърэ нэхъыщхьэр, ищхьэмкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, сабийм и узыншагъэрщ, и псэкупсэрщ, и псантхуэрщ. Аращи, зэрыхъукIэ фи быныр вгъафIэ, жиIэм гупсэхуу федаIуэ, ищIэ псор зэрыффIэгъэщIэгъуэныр зыхевгъащIэ, щытхъу псалъэхэм фыщымысхь, шыIэ зыхэвгъэлъ, и упщIэхэм я жэуапхэр кIэщIу икIи гурыIуэгъуафIэу вгъэпс, сабийр фIэфIу зыпэрыт Iуэхур сыт хуэдизкIи хуэвгъэщIагъуэ, фыдэгушыIэ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къыдэфхьэх. Иджыри куэд дыдэ къыпхуебжэкIынущ адэ-анэмрэ сабиймрэ зэпэгъунэгъу ищIу. ЖызыIэни щыIэнщ дэнэ апхуэдэ зэман, хущIыхьэгъуэ здэщыIэр, жаIэу. Ауэ къыдгурыIуэн хуейщ: бынымрэ ар къэзылъхуахэмрэ я зэхуаку зэгурымыIуэныгъэ, зэныкъуэкъу дэлъынукъым ахэр зэныбжьэгъухэм хуэдэу зэпсэлъэфу, Iуэху зэдащIэфу щытмэ.

ЩIэблэ узыншэ къызыщIэхъуэн лъэпкъ адыгэр Тхьэм дищI!

**ИСТЭПАН Залинэ**.



# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 8

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 18.20, 00.40, 03.05** Информационный канал (16+)
**18.00** Вечерние Новости
**21.00** «Время»
**21.45** Т/с «Курорт цвета хаки» (16+)
**23.40** «Большая игра» (16+)

### Россия 1

**05.00, 09.30** Утро России
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут» (12+)
**14.55** «Кто против?» (12+)
**21.20** Вечер с В. Соловьевым (12+)
**23.55** Т/с «Грозный» (16+)
**02.00** Т/с «Королева бандитов-2» (16+)
**04.05** Т/с «Женщины на грани» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.30** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы» (16+)
**13.30** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00, 23.50** Т/с «Пес» (16+)
**16.50** «За гранью» (16+)
**17.55** «ДНК» (16+)
**19.50** Т/с «Ментовские войны» (16+)
**02.00** Т/с «Братаны» (16+)

### Звезда

**05.55** Т/с «С чего начинается Родина» (16+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.20, 01.55** Х/ф «Приезжая» и (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Токшоу (16+)
**13.25, 14.05** Т/с «Охотники за бриллиантами» (16+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.15** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Битва оружейников» Д/с. «Пистолеты-пулеметы» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым» Д/с. «Секретные бункеры Сталина» (12+)
**22.55** «Душа шпиона» (16+) (Россия, 2014 г.) (16+)
**00.50** Х/ф «Постарайся остаться живым» (16+)
**03.30** Х/ф «Правда лейтенанта Климова» (16+)

### Россия К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Д/ф «Другие Романовы»
**07.30** Д/ф «Верея. Возвращение к себе»
**08.10** Легенды мирового кино
**08.40** Х/ф «У самого синего моря» (16+)
**09.50, 12.15** Цвет времени
**10.00, 15.00, 19.30, 23.30** Новости культуры
**10.15, 02.30** Красуйся, град Петров!
**10.45** Academia
**11.30** Д/ф «Владислав Старевич. Повелитель марионеток»
**12.25** Х/ф «Жизнь с отцом» (16+)
**14.30** Д/с «Пряничный домик»
**15.05** Д/с «Археология. История с лопатой»
**15.35** Т/с «Следствие ведут ЗнаТоКи»
**17.10** Д/с «Забытое ремесло»
**17.25** «Острова»
**18.10, 01.20** Д/ф «Роман в камне»
**18.40, 01.45** Пианисты XX века
**19.45** «Библейский сюжет»
**20.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.35** Д/ф «Слава Федоров»
**21.15** Х/ф «Первая любовь» (16+)
**23.10** Д/с «Первые в мире»
**23.50** Т/с «Следствие ведут ЗнаТоКи» (16+)

### Матч!

**06.00, 09.05, 12.35, 14.55, 17.15, 22.00** Новости
**06.05, 23.35** Все на Матч!
**09.10, 12.40** «Специальный репортаж» (12+)
**09.30** Т/с «Позывной «Стая» (16+)
**11.30** «Есть тема!»
**13.00, 15.00** Т/с «Побег» (16+)
**15.55, 17.20** Х/ф «Рэмбо. Первая кровь» (16+)
**17.55** «Громко»
**18.55** Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура (0+)
**19.55** Футбол. «Балтика» (Калининград) - «Арсенал» (Тула). МЕЛБЕТ-Первая Лига
**22.05** Бильярд. «BetBoom Кубок Чемпионов»
**00.20** Тотальный футбол (12+)
**00.50** Регби. «Слава» (Москва) - «Металлург» (Новокузнецк). PARI Чемпионат России (0+)
**02.45** Д/ф «Пять трамплинов Дмитрия Саутина» (12+)
**03.15** Новости (0+)
**03.20** «Наши иностранцы» (12+)
**03.50** «Катар-2022» (12+)
**04.15** Д/ф «ФК «Барселона». Взгляд изнутри» (12+)
**05.10** «Громко» (12+)

## Гъубж, шыщхьэуIум и 9

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 18.20, 00.40, 03.05** Информационный канал (16+)
**18.00** Вечерние Новости
**21.00** «Время» (16+)
**21.45** Т/с «Курорт цвета хаки» (16+)
**23.40** «Большая игра» (16+)

### Россия 1

**05.00, 09.30** Утро России
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут» (12+)
**14.55** «Кто против?» (12+)
**21.20** Вечер с В. Соловьевым (12+)
**23.45** Ленинградская симфония на берегу Невы. К 80-летию исполнения в блокадном городе
**01.15** Д/ф «Седьмая симфония» (12+)
**02.05** Т/с «Королева бандитов-2» (16+)
**04.05** Т/с «Женщины на грани» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.30** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы» (16+)
**13.30** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00, 23.50** Т/с «Пес» (16+)
**16.50** «За гранью» (16+)
**17.55** «ДНК» (16+)
**19.50** Т/с «Ментовские войны» (16+)
**01.45** Т/с «Братаны» (16+)

### Звезда

**05.00, 13.25, 14.05** Т/с «Охотники за бриллиантами» (16+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.20, 00.15** Х/ф «Безотцовщина» (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Токшоу (16+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.15** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Битва оружейников» Д/с. «Дивизионные пушки» (16+)
**19.40** «Улика из прошлого». «Капитан Пауэрс. Тайна сбитого летчика» (16+)
**22.55** Х/ф «Три процента риска» (16+)
**01.50** Х/ф «За облаками небо» (16+)
**03.30** Х/ф «По данным уголовного розыска...» (16+)
**04.40** «Оружие Победы» Д/с (12+)

### Россия К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Д/ф «Другие Романовы»
**07.30** Д/ф «Путешествие из Дома на набережной»
**08.10** Легенды мирового кино
**08.40** Х/ф «Первая перчатка» (16+)
**10.00, 15.00, 19.30, 23.25** Новости культуры
**10.15, 02.25** Красуйся, град Петров!
**10.45** Academia
**11.30** Абсолютный слух
**12.15, 02.10** Д/с «Забытое ремесло»
**12.35** Х/ф «Первая любовь» (16+)
**14.30** Д/с «Пряничный домик»
**15.05** Д/с «Археология. История с лопатой»
**15.35** Т/с «Следствие ведут ЗнаТоКи» (16+)
**18.10** Д/ф «Роман в камне»
**18.45** Пианисты XX века
**19.45** «Библейский сюжет»
**20.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.35** Д/ф «Спрятанный свет слова»
**21.15** Х/ф «Деревенская девушка» (16+)
**22.55** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**23.45** Ленинградская симфония на берегу Невы
**01.15** Д/ф «Дом на Гульваре»

### Матч!

**06.00, 09.05, 12.35, 14.55, 17.15** Новости
**06.05, 18.50, 21.50** Все на Матч!
**09.10, 12.40** «Специальный репортаж» (12+)
**09.30** Т/с «Позывной «Стая» (16+)
**11.30** «Есть тема!»
**13.00, 15.00** Т/с «Побег» (16+)
**15.55, 17.20** Х/ф «Неуязвимая мишень» (16+)
**19.25** Хоккей. СКА (Санкт-Петербург) - Сборная России. «Лига Ставок Sochi Hockey Open»
**22.30** Автоспорт. Чемпионат России по дрэг-рейсингу (0+)
**23.00** Бадминтон. «Кубок Первого космонавта Ю.А. Гагарина» (0+)
**00.15** Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура (0+)
**01.10** Футбол. «Атлетико Гоияниенсе» (Бразилия) - «Насьональ» (Уругвай). Южноамериканский Кубок. 1/4 финала
**03.15** Новости (0+)
**03.20** «Правила игры» (12+)
**03.50** Футбол. Мелбет-Первая Лига. Обзор тура (0+)
**04.15** Д/ф «ФК «Барселона». Взгляд изнутри» (12+)
**05.10** Бильярд. «BetBoom Кубок Чемпионов» (0+)

## Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 10

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 18.20, 00.40, 03.05** Информационный канал (16+)
**18.00** Вечерние Новости
**21.00** «Время» (16+)
**21.45** Т/с «Курорт цвета хаки» (16+)
**23.40** «Большая игра» (16+)

### Россия 1

**05.00, 09.30** Утро России
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут» (12+)
**14.55** «Кто против?» (12+)
**21.20** Вечер с В. Соловьевым (12+)
**23.55** Т/с «Грозный» (16+)
**01.00** Т/с «Королева бандитов-2» (16+)
**03.00** Т/с «Женщины на грани» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.30** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы» (16+)
**13.30** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00, 23.50** Т/с «Пес» (16+)
**16.50** «За гранью» (16+)
**17.55** «ДНК» (16+)
**19.50** Т/с «Ментовские войны» (16+)
**01.45** Т/с «Братаны» (16+)

### Звезда

**04.50** Т/с «Охотники за бриллиантами» (16+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.30** Х/ф «Без особого риска» (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Токшоу (16+)
**13.25, 14.05** Т/с «Ночные ласточки» (16+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.15** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Битва оружейников» Д/с. «Средние танки» (16+)
**19.40** «Секретные материалы» Д/с. «СМЕРШ против Абвера. Рижская операция капитана Поспелова» (16+)
**22.55** Х/ф «Чистое небо» (16+)
**00.55** Х/ф «Запасной игрок» (16+)
**02.15** Х/ф «Три процента риска» (16+)
**03.20** Х/ф «За облаками небо» (16+)
**05.00** «Оружие Победы» Д/с (12+)

### Россия К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Д/ф «Другие Романовы»
**07.30** Д/ф «Дом полярников»
**08.10** Легенды мирового кино
**08.35** Х/ф «Свинарка и пастух» (16+)
**10.00, 15.00, 19.30, 23.30** Новости культуры
**10.15, 02.25** Красуйся, град Петров!
**10.45** Academia
**11.30** Абсолютный слух
**12.15, 18.30, 01.30** Д/с «Забытое ремесло»
**12.35** Х/ф «Деревенская девушка» (16+)
**14.15** Д/с «Первые в мире»
**14.30** Д/с «Пряничный домик»
**15.05** Д/с «Археология. История с лопатой»
**15.35, 23.50** Т/с «Следствие ведут ЗнаТоКи» (16+)
**18.45, 01.45** Пианисты XX века
**19.45** «Библейский сюжет»
**20.15** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.35** Д/ф «Солдат из Ивановки»
**21.15** Х/ф «Сваха» (16+)
**23.00** Д/с «Жизнь замечательных идей»

### Матч!

**06.00, 09.05, 12.35, 14.55, 17.30, 21.40** Новости
**06.05, 16.55, 20.45, 00.20** Все на Матч!
**09.10, 12.40** «Специальный репортаж» (12+)
**09.30** Т/с «Позывной «Стая» (16+)
**11.30** «Есть тема!»
**13.00, 15.00** Т/с «Побег» (16+)
**15.55** Прыжки в воду. Матч ТВ Кубок Кремля (0+)
**16.25, 02.50** Мотоспорт
**17.35** Хоккей. Чемпионат ФХР 3х3 «Лига Ставок Sochi XHL»
**21.45** Футбол. «Реал» (Мадрид, Испания) - «Айнтрахт» (Германия). Суперкубок УЕФА
**01.10** Профессиональный бокс. Джон Риэль Касимеро - Гильермо Ригондо. Бой за титул чемпиона мира по версии WBO (16+)
**02.20** Автоспорт. Чемпионат России по дрэг-рейсингу (0+)
**03.20** Новости (0+)
**03.25** Футбол. «Палмейрас» (Бразилия) - «Атлетико Минейро» (Бразилия). Кубок Либертадорес. 1/4 финала

## Махуэку, шыщхьэуIум и 11

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 18.20, 00.40, 03.05** Информационный канал (16+)
**18.00** Вечерние Новости
**21.00** «Время» (16+)
**21.45** Т/с «Курорт цвета хаки» (16+)
**23.40** «Большая игра» (16+)

### Россия 1

**05.00, 09.30** Утро России
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут» (12+)
**14.55** «Кто против?» (12+)
**21.20** Вечер с В. Соловьевым (12+)
**23.55** Т/с «Грозный» (16+)
**01.00** Т/с «Королева бандитов-2» (16+)
**03.00** Т/с «Женщины на грани» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Улицы разбитых фонарей» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.30** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы» (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 13**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Дэрэжэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.10** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 14**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)



Налшык къалэ и Къэбэрдей уэрамыр.

# Бэчмырзэ епха хъуэпсапIэхэр



*Адыгэ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъауэ къалъытэ ПащIэ Бэчмырзэ зымыцIыху, абы и Iэдакъэщ Iэк Iхэм щымыгъуазэ щыIэу си фIэщ хъуркъым. Бэчмырзэ джэгуакIуэ жьэнахуэу, усакIуэ Iэзэу зэрыщытам и мызакъуэу, ар цIыхугъэ ин, зэхэщIыкI зыхэлъа, гуащIэрылажьэу псэуа цIыху хьэлэлщ. Ар Iэужьыфlэ-лъэужьыфIэ хъуа цIыху насыпыфIэхэм ящыщщ. ИкIи а Iэужьыр къыщIэна щIэблэм егугъуу яхъумэ. Псалъэм папщIэ, 2003 гъэм абы и цIэкIэ Нартан къуажэ къыщызэIуаха унэ-музейр кIуэ пэтми ефIакIуэ, цIыхуу екIуалIэр нэхъыбэ хъу зэпытщ. Нобэ ди псэлъэгъущ музейр къызэIухыным зи гуащIэ хэзылъхьа, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ ПащIэ Ленэ. Абы музейм къыщызэригъэпэщ Iуэхухэм нэхъыбэ зэрыришэлIэным, Бэчмырзэ и IэдакъэщIэкIхэм зэрыдригъэхьэхыным яужь ит зэпытщ. Илъэс 19 ипэ Бэчмырзэ и фэеплъу къызэIуаха унэр иригъэфIэкIуэну гугъэ дахэхэр иIэщ.*

- Музейм теухуауэ сиIэ мурадхэр къызэмыхъулIэмэ, абы къарууэ есхьэлIар кIуэдауэ къэплъытэ хъунущ. Ауэ, схузэфIэкIмэ, лъэпкъыр зэрыщыту дехъулIат! - псалъэхэмкIэ кърегъажьэ Ленэ. - Сэ илъэс куэд щIауэ сыщIохъуэпс ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ лъэпкъ щэнхабзэ IуэхущIапIэ къызэзгъэпэщыну. А мурадым и япэ лъэбакъуэу къэплъытэ хъунущ ди къуажэ администрацэм и гъусэу музейм и хъуреягъым иIэ щIы нэщIыр илъэс куэд щIауэ зэрыдгъэкъабзэр, кумблъэмбхэр зэрыдгъэсеижыр.

Ди хъуэпсапIэхэр къыдэхъулIэмэ, лъэпкъ Iэужьыр тхъумэнурэ, туризмэми зедгъэужьынут (иджыпсту аракъэ дэнэ къэрали ахъшэ къызэрыщалэжьыр). Сэ сызэреплъымкIэ, псом япэрауэ, Iэхэлъахэр бжыхь лъагэкIэ къэхухьын хуейщ.

А щэнхабзэ IуэхущIапIэм и куэбжэм узэрыдыхьэу, таурыхъ лъахэм, хьэуэ, пасэрей адыгэ дунейм укъыщыхута пэлъытэу къещIэкIауэ щытынущ. Абы щызэрахьэну хьэпшыпхэри, ерыскъыгъуэри, хабзэри ди адэжьхэм къащIэна защIэщ.

Псом япэ игъэщыпхъэр щIэблэращ. Абы къакIуэ сабийхэм (нэхъ инхэми цIыкIухэми) музейр яфIэмыгъэщIэгъуэнынкIэ зэрыхъунур къызгуроIуэри, а цIыкIухэм джэгуалъэ яхуэтщIыну, зыгъэджэгуни яхэтыну догупсыс, псалъэм папщIэ, пасэрей адыгэ джэгукIэхэм хуэзыгъасэ.

АдэкIэ цIыху IэпщIэлъапщIэхэм я тыкуэн цIыкIухэр къегъэувэкIауэ щытынущи, хуей дэтхэнэри фащэ зэрадым, уанэ зэращIым, кхъуэщын зэрагъэжым еплъ, хьэпшыпхэм щыщ къащэху хъунущ.

Адыгэ шхыныгъуэхэр щапщIэфI шхапIэ екIухэри абы щытщIыну ди мурадщ. ЩIапIэм икухэм хуэзэу, гъэмахуэ театр дгъэувынущ. Абдеж усэ пшыхьхэр, зэIущIэ щхьэпэхэр, «столI хъурейхэр», ухуейрамэ, фестиваль щедгъэкIуэкI хъунут. Си хъуэпсапIэщ адыгэ хабзэм тету абы хьэгъуэлIыгъуэ щедгъэкIуэкIынри. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт, адыгэ щIапIэм, адыгэ фащэкIэ хуэпа ныбжьэщIэхэм я Iуэху пасэрей хабзэм тету щыдахыу! Сытым хуэдэу насыпышхуэт ар!

**- Бэчмырзэ и гъащIэм, IэдакъэщIэкIхэм ехьэлIауэ сыт щIэуэ фхухэлъхьэнур мы Iуэхум?**

- Куэдым ящIэ Бэчмырзэ иужьрей илъэсхэм щIыунэ цIыкIум зэрыщыпсэуар и къуэхэм къашати, абыхэм пэшитI хъу унэр яритщ, езым щIы унэ щIитIыкIри щIэтIысхьэжат). Дэ ди мурадщ а щIыунэр зэдгъэпэщыжу, ипэкIэ зэрыщытам хуэдэу къитщIыкIыну. Италием и Мувиленд парк цIэрыIуэм щыслъэгъуахэм сигу къагъэкIауэ аращ мы гупсысэр. ЩIыунэм Бэчмырзэ и жьэгур, Iэнэ лъакъуищ щIэтынущ. Абы пэрысынущ Бэчмырзэ ещхьыркъабзэу къупщхьэм къыхащIыкIынур. Абы и гъусэунущ Эльдарханов Таштимир (Бэчмырзэ и лъэпкъэгъухэр хэкум имыкIыну къыхуезыджэ тхылъ цIыкIур иIыгъыу щIыналъэр къыщызэхикIухьым, Мейкъуапэ деж мы шэшэн щIалэм щыхуэзат. Дэфтэр хъумапIэм мазэ бжыгъэкIэ щызэхэзгъэкIащ ар хэтми. А лъэхъэнэм Мейкъуапэ дэт школхэм я егъэджакIуэ нэхъыжь ящIат Таштимир. Ахэр зэрихьэлIэщ, ныбжьэгъу зэхуэхъури, зэгъусэу хэкур къызэхакIухьат).

Музейм ИстамбылакIуэм и уэрэдыр къыщеуэнущ.

**- Фи мурадыр къывэхъулIэн папщIэ сыт фщIэр?**

- Мылъку къегъэщIыным пымыщIауэ «Наследие Бекмурзы Пачева» фIэщыгъэм щIэт фонд илъэс зыбжанэ ипэ къызэзгъэпэщащ, ауэ счётыр къызэIусхакъым, дунейр зэтес хъужыным сожьэ. Псом япэрауэ, музейм къытрегъэтхэн хуейщ абы къегъэщIылIа щIыр. А Iуэхур кIыхьлъыхь хъуащи, дегъэгузавэ. Пэжщ, сэ къыздэIэпыкъу, къыздэIэпыкъуну сыкъэзыгъэгугъахэр щыIэщ. Быдэу си фIэщ мэхъу, дызэкъуэтмэ, мы Iуэхур къызэрыдэхъулIэнур.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ музейр къабзэу тхузэригъэхьащ. Хьэпшыпхэр щытхъумэ пэшым и щхьэр щIаIулIащи, щIымахуэм псынщIэу къохуабэ. БжэIупэр сэ езым езгъэгъэжащ. БжэIупэм щыхэтсэ удз гъэгъахэмрэ жыгхэмрэ Iисраф ямыщIын хуэдэу, IухьэпIэр къэсхухьыну си мурадщ схузэфIэкIмэ.

**- Нобэрей махуэкIэ музейм лэжьыгъэм, абы цIыхухэр къызэрефшалIэм укъытхутепсэлъыхьамэ арат.**

- Ди музейм цIыхур куэду къакIуэу жысIэмэ, пцIы супсынущ. Иужьрей илъэсхэм къежьауэ екIуэкI узыжьым и зэранкIэ цIыхухэр зэхуэшэсыгъуей хъуащ. Нэхъыбэ дыдэрэ ди деж къакIуэр школакIуэхэращ. Бэчмырзэ теухуауэ нэхъ гъэщIэгъуэну къытщыхъухэм а цIыкIухэр щIыдогъэдэIу. Iыхьэлейуэ си гуапэ мэхъу сабийхэм ди музейр яфIэгъэщIэгъуэну щыслъагъукIэ.

ЦIыху нэхъыбэ щызэхуэтшэсыр Бэчмырзэ къыщалъхуа, дунейм щехыжа мазэхэрщ. ИтIанэ музейм и махуэми цIыху куэд къокIуалIэ. Абдеж Бэчмырзэ и усэхэм, IэдакъэщIэкI къыхэхахэм къыщоджэ. Дэ цIыхухэм я нэгу зедгъэужьынракъым къалэн зыхуэтщIыжыр, атIэ Бэчмырзэ и IэдакъэщIэкIхэмрэ и гъащIэ гъуэгуанэмрэ нэхъыбэм едгъэщIэнырщ, зыцIыхухэм иджыри зэ ягу къэдгъэкIыжынырщ.

Мы гъэм, Музейм и дунейпсо махуэр щыдгъэлъапIэм, куэд дыдэ къыздэIэпыкъуащ. Хьэтуей къуажэм и IэтащхьэДзыхьмыщI Анзор музейм и цIэр зытет пхъэбгъур (жьы зэрыхъуам гу лъитати) и мылъкукIэ тхуригъэщIри а махуэм къытхуишэжащ. Зэхыхьэр ягъэдэхащ Шэрий Маринэ къызэригъэпэща «Зэчий» творческэ зэгухьэныгъэм хэтхэм. Псом хуэмыдэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ абы некIуэлIа нэхъыжьыфIхэм. Хьэтуей къуажэ щыщу абы щыIащ зи ныбжьыр илъэс 92-рэ хъу ДзыхьмыщI Нинэ.

Дэтхэнэ зыми фIыщIэ ин хузощI.

*Епсэлъар* **ЩОМАХУЭ Залинэщ**.





**ПащIэ Ленэ къыдитащ Бэчмырзэ и хъыбар къыхуаIуэтэжу итхыжахэм ящыщ зыбжанэ. Ди гуапэу ахэр тыдодзэ**

## Щихум дилъэгъуар

Бэчмырзэ щIэх-щIэхыурэ КIыщокъуэ Пщымахуэ деж кIуэрт. Ахэр куэдым тепсэлъыхьырт, гухэхъуэт а уэршэрым уедэIуэну. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ Пщымахуэ и тхыгъэхэм щигъэгъуазэрт Бэчмырзэ.

Зэгуэрым, Пщымахуэ куэбжэм нэс Бэчмырзэ къигъэкIуэтэжауэ, и ныбжьэгъур щиху лъагэм дэплъейуэ зэрыхэгупсысыхьам гу лъитащ. Пщымахуэ зыри жимыIэу, Бэчмырзэ зыкъищIэжыху пэплъащ. ИтIанэ:

- Узыншэу, си ныбжьэгъуфI, сэри си гъуэгу хэзгъэщIынщ, - жиIэу ежьэжыну зыщигъэхьэзырым.

- Бэчмырзэ, зы упщIэ сиIэщи, жэуапыншэ сомыщI, - къэлъэIуащ мыдрейр.

- Афэрым, дэгъуэкъэ. УпщIэкъэ дунейр зэрагъэунэхур! - къитыжащ Бэчмырзэ жэуап.

- Си ныбжьэгъужь, уи тхыгъэхэмкIэ кхъужьейр фIыуэ зэрыплъагъум гу лъыстащ. СыпкIэлъоплъри, щихум удихьэхауэ солъагъу... (Мыбдеж къыжыIапхъэщ Пщымахуэ и лъапсэм и хъуреягъкIэ щиху лъагэхэр къесэкIауэ зэрыщытар).

- Уэлыхьи, пэжу гу лъыптам! Сэ сызэгупсысар бжесIэнщ, си ныбжьэгъу,- жеIэ Бэчмырзэ. –ПщIэрэ, мыIэрысейми, кхъужьейми, къыпцIэми, нэгъуэщI жыгхэми я щхьэкIэр уплъэмэ, хуиту болъагъу. Щихум и щхьэкIэр къэплъагъун папщIэ, уафэм удэплъейн хуейщ, абы удэплъейхукIэ Алыхьыр уигу къэмыкIынкIэ Iэмал иIэкъыми аращ сыщIеплъыр!

*Хъыбарыр къэзыIуэтэжар*
*Пщымахуэ ипхъу Хъамсинэщ.*

## Лъэмыж

Мышхъыджэпс цIыкIур къэукъубеяуэ нэри пэри ирихьэхырт. Гъатхэ къэсыхуи арат и хабзэр. Абы къызэпрыкIыж выгухэр гугъу зэрехьыр Бэчмырзэ игу къеуэ зэпытт, а псом и щIыIужкIэ псы зэпрыкIыпIэм унэсын щхьэкIэ бгышхуэм ущхьэдэхын хуейт. Выгу зэщIэщIахэм хьэлъэ иралъхьэмэ, къатехьэлъапэрт.

Къуажэ зэхуэсым Бэчмырзэ къыщыпсэлъащ:

- Си къуажэгъу лъапIэхэ, мы бгыр выщхьэ фIэкIщ, мышхъыджэпсыр къиуа иужькIэ выгухэр зэрырихьэжьэр псоми дощIэ. ДызэгурывгъаIуи, зэгъусэу бгыр белкIэ дэттIыкIынщи, лъэмыж цIыкIури тетлъхьэжынщ.

АрщхьэкIэ къуажэдэсхэм абы къыкъуэувэн къахэкIакъым. Бэчмырзэ и закъуэ бгым пэщIэуващ. Мази мазитIи ар губгъуэм зэрыкIуар? Ар зыми ищIэжкъым. Сытми, выгуитI щызэблэкIыфыну абы бгыр дихащ.

Нэху зэрыщу НалшыкыпсымзэпрыкIри, гъущI гъуэгу зыгъэтIылъхэм я унафэщIым дыжьын щIыIу бгырыпхкIэ рельситI кърихъуэжауэ щытащ.

Мышхъыджыпс цIыкIум рельситIыр хуэфIу трилъхьэщ, пхъэбгъухэр тригъэзэгъэжри, Бэчмырзэ и гур зэгъауэ къехыжат.

## Бэчмырзэ щIы зэригъэкъэбзар

Къылышбий хьэблэмрэ Мысостеймрэ я зэхуакум щIыгушхуэ, гектар тIощI хуэдиз хъуну, дэлът. Зэгуэрым мэз Iуву щытат ар. Ауэ пхъэ хуейхукIэ къраупщIыкIыурэ, мэзыр ягъэкIуэдыжат армыхъу. Жыг лъэдакъэхэр някъуэфу къыхэпIийкIырт, гуэрэным зэщIищтауэ.

Бэчмырзэ а щIыгур зэрыкIуэдым тегузэвыхьырт, щIэх– щIэхыурэ кIуэуэрэ къызэхикIухьырт. Къуажэдэсхэм я зэхуэсым зыбжанэрэ щыжиIат а щIыпIэр гъэкъэбзэн зэрыхуейр. Iуэхур къыдэзыIыгъын щимыгъуэтым, езыр пэрыуващ лэжьыгъэ гугъум.

Мывэхэр самэу зы щIыпIэм щызэтрилъхьэри, пхъэдакъэжьхэр къыхиуэдыурэ игъэсащ, яжьэр трикIутэжащ щIы гъэпшэру. Мазэ бжыгъэкIэ, псыр къыпыжу ирихьэкIащ Бэчмырзэ.

-Зи чэзу къуажэ зэхуэсым утыку къихьэри: «Сэ гугъу сехьу а щIы Iыхьэр згъэкъэбзами, гурэ–псэкIэ сыарэзыуэ фызотри, къэвгъэсэбэп, бэв Тхьэм фхуищI абы къытефхыну гъавэр, - яжриIэри къыщIэкIыжащ.

*Хъыбархэр ГъукIэжь КIулэ къиIуэтэжащ.*

Уэрэдымрэ абы и хъыбарымрэ

# «ЩхьэкIуэ ину къытщыщIар гъыбзэ кIэщIу сэ къызотхыж...»

**КIэрашэ Тембот и цIэр зезыхьэ Адыгэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и архив гъэтIылъыгъэхэм яхэлъщ Тыркум къыщыхъуами, адэжь хэкум къигъэзэжу лъэпкъым гурэ псэкIэ хуэлэжьа, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIа узэщIакIуэ цIэрыIуэ Нэгъуч Исуф 1912 гъэм Истамбыл пасэрей уэсмэныбзэкIэ къыщыдигъэкIа и зы тхылъ. «Тарихъул ислъам» зи фIэщыгъэ а къыдэкIыгъуэ гъэщIэгъуэным муслъымэн диным и тхыдэр кIэщIу къызэщIикъуэну къалэн зыщищIыжми, лъэпкъ щIэныгъэм деж мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн куэдым ущрохьэлIэ.**



АПХУЭДЭУ хьэлэмэтщ адыгэ мамлюкхэм я лъэхъэнэм къыщегъэжьауэ джаур зауэжьым иужькIэ Балканым минищэ бжыгъэкIэ къыщыщIидза ди лъэпкъэгъухэм я щхьэ кърикIуахэм ехьэлIауэ къиихь щапхъэхэм, гупсысэхэм, IуэрыIуатэхэм ухэплъэныр, щыIэ къэхутэныгъэхэм ебгъэпщэныр. Нэгъучыр щытхари щылэжьари блэкIа лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэра пэтми, иджырей щIэныгъэм гу зылъимыта куэд хэлъщ, дяпэкIэ къэхутэн хуейхэми мымащIэу ущрохьэлIэ. Дэ гъэщIэгъуэн дыдэ къытщыхъуар Нэгъучым и тхылъым къыщыхьа «Тумэнбей и гъыбзэрщ». «Тарихъул ислъам» тхылъым и 113 -114-нэ напэкIуэцIхэм деж ит а гъыбзэр 1964 гъэм щIышылэм и 30-м уэсмэныбзэм кърихыу кIахэ адыгэбзэм къизылъхьауэ щытар бзэщIэныгъэлI ХьэтIанэ Абдулщ.

Къыхэгъэщын хуейщ Нэгъуч Исуф и «Тарихъул ислъам» тхылъыр хьэрып хьэрфхэр зи лъабжьэ адыгэ алыфбеймкIэ зэрытхар. Ауэ зи гугъу тщIы гъыбзэр абы зэрыхэтыр хьэрыпыбзэкIэщ. Нэхъ гъэщIэгъуэныр ХьэтIанэм зэридзэкIа гъыбзэм гуэлъ тхыгъэ кIэщIращ. «Нартхэр» адыгэ лIыхъужь эпосыр тхылъибл хъууэ къыдэзыгъэкIа ХьэдэгъэлI Аскэр абы хуетх: «Аскэр! Тыркухэм Мысырыр щаубыдым, Тумэнбей иусауэ щыта гъыбзэр Нэгъучым и тхылъым къыщызгъуэтащ. Ар абы хьэрыпыбзэкIэ итхыжри, Iихьрамым къыпилъхьэжыгъат. Щам дэса адыгэ лIыжьхэм гъыбзэр дахэу къаIуэтэжу щытащ. Тхылъым ит гъыбзэр сэ адыгэбзэкIэ зэздзэкIащ, ауэ уэрэдыфэ иIэкъыми, елэжьыжын хуейуэ къызолъытэ. Ар уи пщэ дызолъхьэ, зэфIэпхынкIи сыпщогугъ».

Гъыбзэр зыми зэримыщIэм къыхэкIыу, уегупсыс зэрыхъунумкIэ, ХьэдэгъэлIыр абы елэжьыну хунэсакъым. КIахэ адыгэбзэкIэ текстыр япэ дыдэу къытезыдзар филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Щхьэлахъуэ Iэбущ. Дэри ХьэтIанэ Абдул зэридзэкIа текстым дыхэплъэжащ, ар зытраха хьэрыпыбзэми едгъэпщэжри, щIэрыщIэу къэбэрдей адыгэбзэм къитлъхьэжащ. Нобэ а гъыбзэр «Адыгэ псалъэ» газетым япэ дыдэу къытыдодзэ.

Си нитIым нэпсыр къыщIож,
ЩхьэкIуэм сесри, си гур зэгуоч,
Нэпсми мафIэр имыгъэкIуасэ,
МафIэми нэпсыр имыгъэгъущ.
Гукъеуэшхуэм, щхьэкIуэм сыкъызэгуеч,
Зы гугъум зы гугъур къылъыкъуокI,
Мысырышхуэм и Iуэхур дэгъэзеигъуэщ.
И дыгъэр лъагэу къыщепсыну хуимыт,
И псэукIэр зигу дэмыхуэр гъунэжщ,
И лъэщагъым зыкъыщиIэтым,
Тыркудзэр ИраккIэ къокI.
IущIэгъуей сулътIан Сэлимыр
Уащхъуэдэмыщхъуэу, ра, ди щIыгум къохьэ,
Къохьэри къобгъэрыкIуэ.
Ди пщышхуэу Къанщауэ Гъурыр
Дзэм и пашэщи, япожажьэ,
Бийм погъуэкIри, лъыпсыр егъажэ,
Хьэлэчхэр яхилъхьэу йозауэ,
Тыркудзэм уафэхъуэпскIым хуэдэу яхэуэри,
ЛIы бланэм хуэдэу, ра, хэкIуэдащ.
Ра, абы и ужьыр ужьейт,
Хьэлэб дзащхьэр, хьэм хуэдэти,
Хьэм хуэдэу, Къербэч ныбэкъыр
Къумалу бийм гухьащ.
Ди дзэм Iэнкуныр абы къыхилъхьэри,
ЗэщIэкIуэр къаублащ,
ИкIуэтурэ Щамыр къабгынащ,
Мысырым и щIым зэрыхьыжащ.
А уахътым тхьэмадэхэр
псынщIэу зэхуэсри,
Пщышхуэ тахътэм сытехьэну къаухэсащ,
Къаухэсри, игъуэу къалъытащ.
Унафэм семыдэIуэныр зыхуэзгъэфэщакъым,
Хуэмыхугъуэу зыхуэслъагъужащ,
Си хэгъэгу щIасэр схъумэныр
Пщэрылъ лъапIэм зыхуэслъытэжащ.
Шу минипщIыр зэхуэтшэсщ,
Гухэлъ бзаджэу иIэр дымыщIэу
Хьэзэлийр дзэпашэ абы хуэтщIащ.
Бийм зауае кIэхъырзэр етщIылIауэ
И увыIэпIэр къихъуэжащ,
Хьэзэлийуэ хьэм и напэр зи нэгур
Биидзэм хыхьэжащ.
Абы иужькIэ дызэкъуэувэщ,
Мысырым дзэуэ илъыр дыкъызэдилъщ,
Тыркудзэм дыжьэхэлъадэри,
Лъыпсыр псышхуэу ежэхыу
Махуищ зауэр пхъашэу ятщIылIащ.
Зэпымыужу щыблэр гъуагъуэу,
Дунеижьыр, хьэдзэкъэну, зэрызехьэрт,
Мысырыдзэри щхьэрыутIыпщ хъуауэ,
ДэнэкIи биидзэм едзакъэрт,
АрщхьэкIэ хыдзэм хуэдэу къыдэбгъэрыкIуэрт...
- Плъагъурэ, Къуртбей,
Бийм дыкъызэриухъуреихьар?
- Солъагъу, Тумэнбей, ахэр джатэрэ бжыкIэ тлIынщ,
Дэри дылIэнщ, ауэ ди хъыбар къэнэнщ, -
Зы щтэ хэмылъу жиIащ дзэкIуэлIым.
Шынэр зымыщIэ аслъэну дахыхьэри,
Бийм хьэлэчыпцIэр яхэтлъхьащ,
Я дзэпашэхэр зэрезгъэпсыхыр щалъагъум,
Хы уэрым ещхьу къызэбгъэрыкIуэу хуежьащ.
Шухэр къетлIыхыу, къанэм я щхьэр пыдгъэзу
Бийм и гуащIэр щIэтхащ,
ЩакIуэ щыIа аслъэным ещхьу,
Ди увыгъэм къэдгъэзэжащ.
А махуэм сыт хуэдизрэ
Пащтыхь Сэлимым сэ сыкIэлъыджа,
Утыкум къихьэу дызэпэувыну,
Щхьэж зыхуэдэр зыдэтщIэжыну
Сыт хуэдизрэ сэ хуэсIуэхуа абы?
Тхьэ соIуэ, ар къэслъэгъуатэмэ,
И псэ хэсхынкIэ,
Уафэм дэкIуеями,
Си джатэ ар IэщIэмыкIынкIэ...
А зауэр зауэ мафIэст,
Щэ бжыгъэкIэ ди лIыхъужьхэр хэкIуэдащ,
Ди дзэм Iэнкуныр абы къыхилъхьащ...
Ар гъэзапIэ Iуэхум щыхуэхъум,
Зэхъуэщэдидэ лъэныкъуэм сыкIуэжщ,
Абы къару щIэрыщIэу щызэзгъэпэщыжщ,
Зыкъыщыдгъэпсри дыкъыщилъыжщ,
Дыкъилъри, Мысырыжьым къихьа тыркудзэм
Нэхулъэр къызэщIимытхъ щIыкIэ дыхэлъэдащ.
Бийм и лъыпскIэ Анылыр дгъэлащ,
Си джатэр дзагуэ хъухункIэ згъэбзащ,
Ди лIыхъужьхэри псэемыблэжу зэуащ,
Ауэ хыдзэм псыдзэр къыдигуащ...
ЩхьэкIуэ ину къытщыщIар
Гъыбзэ кIэщIу сэ къэстхыжри,
Iихьрамым къыпыслъхьащ.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, тырку пащтыхь Сэлим Шынагъуэм адыгэ мамлюкхэм къарищIылIа зауэм абыхэм я пащтыхьыр, Къанщауэ ГъуркIэ зэджэр, щыхэкIуадэм, мысыр дзэпашэхэм Iэтащхьэ яхуэхъун къалъыхъуэу хуежьащ. ПсэзэпылъхьэпIэм псори щит лъэхъэнэти, апхуэдэ пщэрылъ фIырыфIкIэ зыми къищтэнутэкъым. И лIыгъэкIэ къимыкIуэту утыкум ихьэфынур мащIэтэкъым, ауэ хэгъэгур зепхьэн папщIэ узыхуэныкъуэнур лIыгъэм и закъуэкъым. Мамлюк дзэпашэхэр IэнатIэ гугъу зэрыIутар, гумэщIыгъуэшхуэ къащхьэщыхьам зэрызэридзар щызыхыбощIэ а лъэхъэнэм яуса «Адыгэ пащтыхьхэм я гъыбзэм». Абы зэрыщыжиIэмкIэ, дзэзешэхэр щыхьэрым щызэхуэсри, пащтыхьу къыхахынум щхьэкIэ хасэу хуежьащ. «Къалэм докIуэжри, пащтыхь хъуну зы дэмыс, Тумэнбейр дэсщи, пщыгъуэр иратынкIэ щIалащIэщ», - жеIэ пшыналъэм. Тумэнбей зэрыщIалэращ и дагъуэр, армыхъумэ, уэрэдым зэрыжиIэмкIэ, «Дзэр зэришэнкIэ псэ зиIэм хуэдэ хэмыт».

Дзэзешэхэр куэдрэ зэхэса нэужь, Тумэнбейм пащтыхьыгъуэр зэрыхуагъэфащэмкIэ хъыбар ират. Имыдэну хэтами, нэхъыжь псалъэм фIэлIыкIщ, Мысырым къыщхьэщыхьа шынагъуэм еплъри, Тумэнбей унафэм еувэлIащ.

Тумэнбей лIыгъэшхуэ хэлъу бийм пэщIэтащ. ЦIыхухэм къыхуагъэфэща дзыхьым пщIэ хуищIу, гугъапIэу кърапхыр игъэлъапIэу, и щIыб къыдэтхэр зэригъэпэжыным хущIэкъуу псэемыблэжу зэуащ адыгэ щылъхур. ИкIи псоми я фIэщ ищIащ и цIэм и щхьэр зэрыхуэфащэр. «Адыгэ пащтыхьхэм я гъыбзэм» ущедаIуэкIэ, Тумэнбей и теплъэр, сурэт теха фIэкIа умыщIэну, Iупщку уи нэгу къыщIегъэувэ:

Тыркум и дзэшхуэм Тумэнбейр йозауэ,
Зауэм щыхыхьэкIэ благъуэшхуэм хуэдэу мэзежэ,
Жэрыжьым тесу Сэлим и шэтырым яфIокIуэ,
Шэтырым екIумэ, пащтыхьыр щIэмыс,
Маисэу иIыгъыр шэтырым щегъабзэ.

«Мысырыр илъэс минхэм я лъхугъэщ» зи фIэщыгъэ тхылъым Тумэнбей теухуауэ мыпхуэдэу щыжеIэ: «Хуабжьу жант, цIыху псынщIэт, хэлъэт зиIэт Тумэнбей. Iэтащхьэу хаха пэтми, дзэр иутIыпщу езым къуэгъэнапIэ зищIыжыну зыхуигъэфащэртэкъым. ИкIи шынэ имыIэу тыркудзэм пэщIэтт, ар къэгъэнауэ ебгъэрыкIуэрт. АрщхьэкIэ мамлюкыдзэм удынышхуэ ихьарэ ящIэнур ямыщIэжу бзэгухьэмрэ къепцIыжхэмрэ Iэнкун ящIат, игъэчэнджащэ хъуат. Тумэнбейр Зэхъуэщэдидэ пшахъуэщIым кIуэщ, мазэ зыбжанэкIэ дзэ зэригъэуIури, 1517 гъэм щIышылэм и 22-м мацIэ фIэкIа умыщIэну тыркудзэм аргуэрым пэуващ. Мысырым и къалащхьэ Каир пэмыжыжьэу, Мукъэтам жыхуаIэ бгылъэ щIыпIэхэм деж, тыркудзэмрэ мысырыдзэмрэ гуащIэу щызэзэуащ. Сыт хуэдизу бийм псэемыблэжу мамлюкхэр япэщIэтами, зыри къикIакъым. Мамлюкхэм я Iэщэ-фащэр къазэремэщIэкIым, тыркухэр топкIэ къазэрелъэщэкIым къыхэкIыу, зауэм кърикIуэнур нахуэт. Тумэнбеи, абы и дзэпщхэри икIуэтын хуей хъуащ, тыркухэри гущIэгъуншэу я гущIыIум къихьэу хуежьащ. Тыркудзэм мамлюкхэр зэхикъутащ, куэд дыдэ дэмыкIыуи, Сэлим Каир дыхьэри къалэр иубыдащ».

Тумэнбей Сэлим IэщIэкIри, пшахъуэщIым щыпсэу бедуинхэм я деж щтапIэ ихьэжат, щэхуу дзэ зэхуишэсу, и бийм и щIыхуэу телъыр кърригъэпшыныжыну. АрщхьэкIэ Сэлим Шынагъуэм Тумэнбей къиубыдын щхьэкIэ хузэфIэкI къигъэнакъым. ЦIыхухэр игъэшынэми, IулъхьэкIэ къыдихьэхми, Тумэнбейр здэщыIэр къигъуэтри иубыдащ.

Тумэнбей зыхуэдэр тырку пащтыхьым фIы дыдэу ищIэрти, къеувалIэмэ, пэжу къыбгъэдэтмэ, псэууэ къызэригъэнэнур жриIащ. АрщхьэкIэ «напэр сщэуэ псэр къэсщэхун слъэкIынукъым, сыкъэзылъхуам апхуэдэукъым сызэригъэсар», идакъым Тумэнбей. Тхьэуэ зыкъэзылъытэж Сэлим ар игу техуакъым, зэрыдунейуэ къыхуэIурыщIэну зи фIэщ хъу пащтыхьым Тумэнбей и пагагъыр шэ фIыцIэу къытехуащ. Тырку пащтыхьыр бзэгухьэмрэ къумалхэмрэ нэхъри къызэщIагъэстырт - бийм гухьа Къербэчым Сэлим къигъэдаIуэрт, мамлюк пащтыхьыр имыукIмэ, иужькIэ хущIегъуэжыну жриIэурэ. ЦIыху укIынри аркъудей хъымпIар зымыщIыж Сэлим къыжраIэм едэIуащ: куэд лъандэрэ зэзауэ мамлюкыдзэр къызэризэуам, текIуэныгъэ зэрызыIэригъэхьам и щыхьэту, 1517 гъэм Каир дыхьэпIэм деж щыпригъэлъащ адыгэ мамлюкхэм къахэкIа иужьрей пащтыхьыр. Абы теухуауэ «Адыгэ пащтыхьхэм я гъыбзэм» мыпхуэдэу щыжеIэ:

Тумэнбейр тыркужь лъапцIэхэм къаубыд,
Дзэшхуэу зыубыдым Сэлим къыхуешэ,
Шынэр имыщIэу ар Сэлим допсалъэ,
Щхьэпылъэ кIапсэр Тумэнбейм пщIэхалъхьэ,
КIапсэр драдзейри, Тумэнбейр ныпалъэ...

ЦIыхугъэ, напэ... Хэти зэрыхуейм хуэдэу къыгуроIуэ а псалъэхэм хэлъ мыхьэнэр, игъуэу къызэрилъытэм хуэдэуи и гъащIэм щыпхеш, цIыхугъэми, напэми уасэу яIэр щытыкIэкIэ, щыIэкIэкIэ къыщелэжь... Тумэнбей хуэдэхэм деж напэм пщIэуэ, цIыхугъэм хьэтыру иIэр Къербэч и къумалыгъэм щебгъапщэкIэ, зыхуэдизыр къыбгуроIуэ. Ар гъыбзэми Iупщ дыдэу къыщыгъэлъэгъуащ. Псэр зыту напэр къэзыщэхуахэм, хьэдэгъуэшэр ищтэу щытхъу дахэр къыхэзыхахэм я цIэращ щыIэныгъэм мыкIуэдыжыну зэрихьэр, щIэблэм лъэхъэнэм и фэеплъу къахуигъанэр. ЦIыхур цIыху зыщI а щэнхабзэ дахэхэрауэ къыщIэкIынущ уэрэдыр мыкIуэдыжу ди нобэм къэзыхьэсари. Хэт хъуну Къербэч, хэт и щIэблэ, сыт и IуэхущIафэ? Лъэужь зыри къигъэнакъым. Игъэхъам хуэдизт и пщIэм и инагъри, щыIэныгъэм хэкIуэдэжащ, ар зыпэщIэува лIыхъужьым и цIэр вагъуэм хуэдэу лыду къанэри.

Тумэнбей псэемыблэж лIыхъужь къудейтэкъым, ар икIи гушхуэ зыкIуэцIылъ усакIуэт. Зэрыпалъэнур ищIэу лъэхъуэщым здисым и щхьэ кърикIуар итхыжри, гъыбзэ иусащ.

Хъугъэщ Iагъэр уи нэгу къыщIэзыгъэувэ мы едзыгъуэхэри щыхьэт тохъуэ Тумэнбей псалъэм хуэIэзэу зэрыщытар:

Махуищ зауэр пхъашэу ятщIылIащ.
Зэпымыужу щыблэр гъуагъуэу,
Дунеижьыр, хьэдзэкъэну, зэрызехьэрт,
Мысырыдзэри щхьэрыутIыпщ хъуауэ,
ДэнэкIи биидзэм едзакъэрт,
АрщхьэкIэ хыдзэм хуэдэу къыдэбгъэрыкIуэрт...

ЦIыхум и гущIэм щыщIэр зыхыуигъащIэу усакIуэм и псалъэхэр егъэпс, къыкIэлъыкIуэнур сыту пIэрэ жыхуигъэIэу игъэв гухэщIыгъуэм цIыкIу уищIу узыIэпешэ:

Си нитIым нэпсыр къыщIож,
ЩхьэкIуэм сесри, си гур зэгуоч,
Нэпсми мафIэр имыгъэкIуасэ,
МафIэми нэпсыр имыгъэгъущ.

ЗыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым, хамэщIым и щхьэхуитыныгъэм щIэзэууэ и щхьэр хилъхьами, къызыхэкIа лъэпкъым и акъужьыр лIыхъужьым и псэм телъэщIыхьу зэрыщытар, и псалъэ ухуэкIэхэми нахуэ зэращIщи, а лъэпкъым лъапIэныгъэу къилъытэхэри абы и дуней лъагъукIэм пкъощIэсэу зэриIар. Хэкужьым кIэратхъа лыпцIэу дунейм и зы къуапэ гуэрым къиинмыгъуейр щишэчу лIыхъужьыр псэуами, напэ къабзэм и фэеплъу Тумэнбей и цIэр щIэблэм къахуигъэнащ. Ауэ мывэсыныр кIуэдыжми, мыкIуэдыжыр пшыналъэращ, жыхуиIэм ещхьу, Тумэнбей хэмыгъуэщэжын щIыхьу гъыбзэр къызэринэкIащ.

Адыгэ мамлюкхэм тхыдэшхуэ къызэранэкIащ. А тхыдэр абыхэм я лIыхъужьыгъэкIэ хамэщIым щатхами, къызыхэкIыкIар ди щIыгурщ, къызыщежьэр ди лъапсэращи, къуэпсым зыздидзыр, ар здынэсыр тщIэн хуейуэ хьэкъ диIэщ. НэгъуэщI мыхъуми, дызыщIигъэдэIу дерсхэм я хьэтыркIэ тщIэн хуейщ...

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*




## Джэд щыкъун и пщIыхьщ

Унэгуащэм джэдыр здигъашхэм, зы джэд купраузыфэ джэджьей и пэм къихутам йоуIу. Джэджьейри купраузщ и фэкIэ, унэгуащэм къырыригъэшахэм ящыщщ.

Фызым и щхьэр игъэIущыж хуэдэу жеIэ:

- Уа, делэу, джэд купрауз, джэджьей узэуIуу IэнлъэмIупхуар уи джэдыкIэм кърншауэ уи бынми пщIэркъым, уэщхьыркъабзэщ.

Ауэ жаIэкъым цIыхухэм: «Джэд щыкъун и пщIыхьщ» псэлъафэр.

Сыт къыпыпхын «джэд акъылым». ЦIыхухэр нэгъуэщIщ, гупсысэ къаритащ Алыхьталэм.

## Емыса лэгъупэжь хъурэ?

ЩIакхъуэ къэсщэхуну тыкуэным сокIуэ. Къуажэ уэрамым тет унэшхуэхэм саблокI, унэ нэхъ цIыкIуи солъагъу. Къуажэ щыхъукIэ унэ Iэджи плъагъунщ.

Зы куэбжэ гуэрым деж бжэIупэм Iут пхъэ ашыч хъыбийр зрегъэзэхуэжри зылI хъущIэу щытщ. «Фи адэм ищIа фи гугъэрэ мы ашычыр?» - мэшхыдэ лIыр.

ЩIалэ цIыкIуищи я щхьэр фIэхуауэ, нэщхъейуэ къыдэкIуеижу саIуощIэ. «Сэшхуэ тщIыну ашыч джабэм еIулIа пхъэхэр къыдигъэщтакъым», - жыхуаIэу.

ЛIыкур мэшхыдэ, ауэ ар нэхъыбэу зытехъущIыхьын хуейр и къуэ лэгъупэжь хъуарт, сыту жыпIэмэ ар зыкIи хуэмыIэзэу нэгъуэщI щIыпIэ къикIа гуэрхэм яхуэлэжьэну арэзы хъуат.

ЛIым и къуэм и гугъэщ езым хуэдэу Iэзэ щымыIэу къахуэупсауэ и щIыпIэм къэкIуа цIыхухэр. Ар егупсысыркъым мы пыIэзэфIэхь зэманым мэл гуартэр темыплъэкъукIыу зэрихъумэн хуейм, мэлыщхьэ бжыгъэкIэ къинэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм.

И машинэ псынщIэмкIэ щIалэр езыр унэм къокIуэжри, абы нэху къыщокI, адэкIэ чэтым жэщым щекIуэкI Iуэхухэр ищIэркъым. ЩIалэщ, зэрысакъын хуейр къыгурыIуэркъым. «Ди мэл гуартэр ирикъужкъым, Iсраф пщIащ», - жаIэу, лэгъупэжь щIалэм къыхурикъужмэ, мэлхэр зейхэм я «унафэм» щIэкIмэ, и унэри хилъхьэнкIэ хъунущ зыми щымыщу.

Арауэ пIэрэ адыгэм: «Емыса лэгъупэжь хъуркъым», - щIыжиIар.

**КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт.**



## Хъарбыз фо

Хъарбызыр ятхьэщI, ялъэщIыж, зэгуагъэж, жылэр и гъусэу и кур кърагъэжри, тепщэч кууш-хуэм иралъхьэ. ИтIанэ хъарбызыкур зэхапIытIэ, жылэр къыхах е жылэр къыхэкIын щхьэкIэ кхъузанэм щIагъэкI. Шыуаным иралъхьэ, мафIэм трагъэувэри, тхъурымбэр къытрахыурэ, зэзэмызи зэIащIэурэ и щхьэр техауэ ягъавэ зы сыхьэт, сыхьэтрэ ныкъуэкIэ. ИтIанэ мафIэр нэхъ ин ящI, нэхъ щIэх-щIэхыури зэIащIэурэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хъарбыз фор плъыжь дахэщ, Iувщ. Псори зэхэту абы и гъэвэным сыхьэти 2,5-3 ехь. Хьэзыр хъуар къызэращIэр: абы щыщу тепщэчым зы ткIуэпс ирагъэткIуэ, ар упщIыIуа нэужь зэкIэщIэмыжу е къэпщтамэ уи IэпитIыр зэкIэригъапщIэу щытын хуейщ. Хъарбыз фор тIэкIу ягъэупщIыIу (градус 30 - 40), абдж хьэкъущыкъум иракIэри, и щхьэр ягъэбыдэж. Лэкъум хуабэ, щIакхъуэ докIу. IэфI дыдэщ, мэ гуакIуэ къыхех.

***Халъхьэхэр:*** хъарбызыкуу - г 3000.

Ва иужь абы хъарбыз фоуэ къыхокI грамм 400.

## Хуэрэджэ мэрзей

Хьэкъущыкъу мыулъийм псывэ иракIэ, абы фошыгъу щабэ хакIутэ, зэIащIэурэ, фошыгъур ткIуху къытрагъэкъуалъэри, кхъузанэ щабэкIэ языж. Фошыгъупс зар нэгъуэщI шыуаным иракIэ, абы зи купкъыр къиха, фIыуэ зэхэпIытIа хуэрэджэр халъхьэ. МафIэ цIыкIум трагъэувэри, зэIащIэурэ, и щхьэр техауэ ягъавэ. Ар сыхьэти 2 - 3-кIэ хьэзыр мэхъу. Хуэрэджэ вам и фэр гъуэжьыфэу, езыр зэпышу, тыкъыр лъэпкъ хэмылъу щытын хуейщ. Хьэзыр хъуа иужь къытрахыж, тIэкIу ягъэупщIыIури, пхъэбгъу гъущэм пIащIэу тракIэ икIи дыгъэпсым хэлъу ягъэгъу. Мэрзей дияр зэпамытхъыу пхъэбгъум къытралъэф, кIыхь хъурейуэ зэкIуэцIашыхьри, гъущапIэ-кIыфIыпIэм щагъэтIылъ. ЗэIымыхьэу куэдрэ щылъщ.

***Халъхьэхэр:*** хуэрэджэу - г 800, фошыгъуу - г 300, псыуэ - г 200.

**КЪУБАТИЙ Борис.**



## Инатыр щыту малIэ

Зыгуэрым, жиIэр пэж яфIищIыну, «лэныстэщ» жиIэрт.

Псоми «лэныстэкъым» жаIэрт. Езым зэпымыуэ:

- Лэныстэщ! Лэныстэщ! Лэныстэщ! – жиIэрт.

ЖрамыгъэIэн щхьэкIэ, къащтэри псым хадзати, и Iэр къыхигъэжауэ, и Iэпхъуамбэхэр лэныстэм хуэдэу зыIуигъабзэрт.

## Тэмэму щIэмыджэгухэр сыт?

Хъуэжэ топджэгум кIуэхэм здашащ. Джэгуныр зэфIэкIа нэужь къеджьэжри:

- А зы топ закъуэм зыр зым жьэхэуэу, еIунщIу, зафыщIыжу къыщIыкIэлъажыхьыр сыт?! Еплъхэри ямыгъэгузавэу топ зырыз зэрагъэпэщу тэмэму щIэмыджэгухэр сыт? – жиIэурэ къэкIуэжащ.

**ЖЫЛАУ Нурбий.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Сэшхуэ сыт хуэдэхэм пэщIадзу зэрызахъумэу щыта гъущI пIащIэ хъурей е плIимэ, шапэIудз. **3**. Бгъэм хэлъ дзажэналъэ зэрыIыгъыр. **5**. Алэрыбгъум ещхьу, къамыл щабэ зэIуща. **7**. Пхъэм къыхащIыкIыу ящI бжэмышх, шынакъхэм я кIуэцIыр зэрагъэтэмэм, къэгъэшауэ дзитI зыIут Iэмэпсымэ. **8**. Зыгуэрым дэIэпыкъуэгъуу, IэпыдзлъэпыдзуIщIыгъу цIыху. **9**. Гъавэ зэрахьэж Iэмэпсымэ зыщIэт унэ, гъавэр зэрахьэж. **11**. Дунейр щыщIыIэм деж бахъэ упщIыIум къыхэкIыу уэс пIащIэ трищIэр. **13**. ... измэ, щIакхъуэр цIынэщ (псалъэжь). **14**. Iэпхъуамбищ зыбгъурылъым я бгъуагъым хуэдиз. **15**. Мэзым щIэс псэущхьэ.

***Къехыу:*** **1**. Къалымым ещхь, шэдылъэхэм къыщыкI къэкIыгъэ. **2**. Адыгэш къабзэ. **3**. ШыкIэпшынэ зэреуэ Iэмэпсымэ. **4**. ЩэкIым е лъахъстэным къыхэщIыкIа хъуржын цIыкIу, тутын сыт хуэдэ иралъхьэу. **5**. Джэду лъэпкъым щыщ псэущхьэ. **6**. ... и щхьэр умытIатэу ху илърэ хьэ илърэ пщIэркъым (псалъэжь). **9**. Псы джэд лъэпкъ. **10**. Губгъуэхэм, мэзхэм къыщыхъу мафIэс. **11**. ТхылъымпIэ сыт хуэдэхэм къыхэщIыкIауэ ерыскъыи нэгъуэщIхэри зэрызэрахьэ, къызэрырахьэкI кумбыгъэ. **12**. Ягъэбэгъуэну къагъанэ Iэщ, джэдкъаз.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**



**_Бадзэуэгъуэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:_**

***Къехыу:*** **1**. Унэ. **2**. Зышхыр. **3**. Хъумэ. **6**. УефийкIэ. **7**. КъыуащIэм. **8**. Хьэжыгъэм. **10**. ПсэухукIэ. **14**. ЗэплъэкI. **18**. Ешх. **19**. Игущ.

***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Нэмысым. **5**. ТIум. **9**. Япэ. **11**. ЗымыщIэм. **12**. ЩIиудащ. **13**. Мышыум. **15**. Зэхуэдэщ. **16**. Мэхъу. **17**. Нэд. **20** Шыгъэджэгу.

# ДжэдыкIэм и ныбжь нэсмэ...

♦**КупщIэр куэдрэ бгъэнышщкIумэ, кунэф мэхъу**

♦**ЦIыхуитI зэщхьу щыIэкъым жаIэ: цIыхугъэм нэса псори зэщхьщ, къэна-нэнахэри я шыфэлIыфэкIэ зэхуэдэщ.**

♦**ДжэдыкIэм и ныбжь нэсмэ, джэдщ.**

♦**Нэхъыжьыр къызыгурымыIуэр щIалэщ, щIалэр къызыгурымыIуэжыр лIыжьщ.**

♦**НэхъыщIэфI зэхъулIар жьыщхьэ махуэщ.**

♦**ЩIалэгъуэм имытхьэлэу къелым гъащIэ къыпоплъэ.**

♦**ЩIэблэм уи гугъу щIищIын щIэныгъэрэ акъылрэ къыпщIэнамэ, уащыгъупщэркъым – тIури бын лIэужьыгъуэщ.**

♦**КупщIэр куэдрэ бгъэнышщкIумэ, кунэф мэхъу.**

♦**Узыпэмыплъэхха гъащIэм ухуэхьэзыру къыщIокIри, узыщIэбэнар нэгъуэщIу къыщIедзыж.**

♦**ЦIэрыIуэ хъуа гуэрым жиIа хуэдэу зэи къыпхуамыгъэдэхэнур гъэIуи, гупсысэ кууэ къащыхъунущ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Бжэндэхъум бзу куэдым я бзэр ещIэ, нэгъуэщI макъ куэдми зыпещIыж, езым ей дыдэ макъыр къэхутэгъуейуэ. УедэIуапэмэ, псысыхуолIэм, бзуужьым, пшахъуэджэдым е псыпцIэ бабыщым, уэгунэбзум, бжэндэхъугъуэжьым, бгъэмопэм е бгъэморэм, жэнэтбзум, цIыжьдадэм, пэкъыум, нэгъуэщI умыцIыху бзу макъхэм (зи макъ зыгъэIу бзу псоми я цIэр пщIэн-тIэ, ущымыорнитологкIэ), уеблэмэ укъыгъэуIэбжьу, адакъэм и Iуэ макъым, джэдум и «наум», бжэным, мэлым я гъуэ макъым, куэбжэ кIыргъ макъ нэгъунэм зыпещIыжыф, а макъ псори гъатхэм, пщэдджыжьым укъигъэушу, махуэ къэс езым игъэIу уэрэдым хэтщ. Ауэ ар бзущи – бзущ. Абы зэхимыджэ макъ дунейм темытми, уедаIуэ пэтми зыщумыгъэнщIу, игъэIур гъэщIэгъуэну, дахэу зэхыбох, Iэзащэу ушэ бзухэм ящыщу зэрыщытри къыуегъащIэ. КIэщIу жыпIэмэ, бжэндэхъур бзу телъыджэщ! Абы и хьэлыфIагъри сфIэгъэщIэгъуэну «ХьэлыфIэ» зыфIэсща усэри згъэпсауэ щытащ:

*Бжэндэхъур схуэмыухыу согъэщIагъуэ:*

# Щапхъэ

Псы пхуемыфэн, илIыкIми,
иIэм дагъуэ –
Псынэпсырщ и гум дыхьэр
бзу телъыджэм!
Гурыхьрэ и IуэхущIафэхэр
и гъуджэу,
Тетыфрэ, фIейм хэмыхьэу,
гъащIэ лъагъуэ,
ХущIэкъур псэ къабзагъэм
сфIэхьэл щIагъуэщ.

НтIэ, къытызогъэзэжри, бжэндэхъур бзущ, ар щапхъэу къыщIэсхьари мыращ: ди языныкъуэ усакIуэхэм я тхыгъэхэм укъыщеджэкIи пцIыху усакIуэ куэдым я хъэтIыр, я къинэмыщIыр хыболъагъуэ, щызыхыбощIэ, я макъыр щызыхыбох, езым яй дыдэ макъыр а макъыбэм хэкIуадэу... Дунейпсо литературэм и курыхкупщIэр, и фIыпIэр мыщIэ цIыкIу зырызурэ къыхэпхыурэ ар уи псэ кхъузанэм – ууей, уи псэм щыщ хъужыху – щIэбгъэкIыжу уи тхыгъэхэм къыщыбгъэсэбэпынымрэ зэрыхуэзэкIэ, нэуфIыцIщхьэрыуэу зегъэщхьын-къытеупсыкIынымрэ зыкъым.

**ХЬЭТУ Пётр.**

# ХЪУЭКІУЭН Алим: «ГукIи, псэкIи, IэпкълъэпкъкIи щызу зыщызгъэпсэхур Къэбэрдей-Балъкъэрырщ!»

**Зы пIэм имыту зэпымыууэ лъагапIэщIэхэм хуэкIуэ, ехъулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьэ ди хэкуэгъу актёр, модель цIэрыIуэ ХъуэкIуэн Алим илъэс 20 зэрырикъурэ и гъащIэм къыгуэхыпIэ зимыIэщ камерэмрэ сурэттехымрэ. Москва, Лондон, Нью-Йорк, Афины, Париж, Истамбыл, Рим, нэгъуэщI щIыпIэхэм щытрах фильмхэм, видео клипхэм, модэм теухуа дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм адыгэ щIалэр жыджэру хэтщ. Ар ядолажьэ дуней псом и артист, режиссёр, журнал, газет, модель IуэхущIапIэ цIэрыIуэхэм (GIORGIO Armani, Dolce Gabbana, Kenzo, Ostin, Finn Flare, Kanzler, Юдашкин, Savage, Beymen, Iceberg, нэгъуэщIхэми), киногъуазджэ зэхыхьэшхуэхэм зэпымыууэ ирагъэблагъэ.**



ДЗЭЛЫКЪУЭ районым хыхьэ Псынэдахэ къуажэм къыщыхъуа щIалэм лэжьыгъэкIэ е зигъэпсэхункIэ жыпIэми, дуней псом и плIанэпэ куэдым щыIэну къыхуихуащ. ХъуэкIуэн Алим Пятигорск (Псыхуабэ) къалэм «Налоги и налогообложение» IэщIагъэм щыхуеджащ. Хэт и гугъэнт Сочэ къалэм пхъэщхьэмыщхьэхэр ищэну, ухуакIуэу лэжьэну кIуа щIалэм, насыпырыхь джэгум хуэдэу зэрымыщIэкIэ и гъащIэ псор къекIэрэхъуэкIыу театрымрэ киномрэ я актёр, дунейпсо утыкухэм я «вагъуэ» хъуну! Псоми щIэдзапIэ яхуэхъуар Сочэ къалэм лэжьакIуэ щыщыIа илъэситIым къриубыдэу, «Мистер России» зэпеуэм хэт и ныбжьэгъум и Iуэху диIыгъыну щыкIуам, абы и къызэгъэпэщакIуэм Алим гу къылъитэу езыри зэхьэзэхуэм хэтыну зэрыригъэблэгъарщ. Апхуэдэу Сочэ къалэм и цIэкIэ «Урысейм и мистер» зэхьэзэхуэм хэтыну 2009 гъэм къыщыхуагъэлъагъуэм, арэзы хъуащ. ЛэжьапIэм махуэ зыбжанэкIэ зыкъригъэутIыпщри, Алим зэпеуэм и зэфIэкI щеплъыжащ. Иужьрей Iыхьэм абы лъэпкъ фащэр щыгъыу кавказ къафэхэм щыщ игъэлъэгъуащ икIи Урысейм и вице-мистер хъуащ.

- Зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм компьютер тыгъэ къысхуащIат. Ар сIыгъыу згъэзэжри, ухуэныгъэ лэжьыгъэм сыпэрыувэжащ. Москва къалэм и модель IуэхущIапIэ куэд зэпеуэм къекIуэлIати, абыхэм гу къыслъатэри, си телефонымрэ хэщIапIэмрэ зрагъэщIат. Ухуэныгъэ Iуэхум сыздыхэтым, зыри «сфIэмыкIуэду» къэслъытэри, си зэфIэкI сеплъыжыну сфIэгъэщIэгъуэну сыхыхьат. СызэрыцIыкIурэ зэхьэзэхуэхэм сыхэтыну сфIэфIщ, текIуэныгъэм сыхущIокъу, - игу къегъэкIыж Алим. - Модель IуэхущIапIэхэм ящыщхэр кIэщIу къэпсалъэу, Москва сыщылэжьэну сыщрагъэблэгъэм, куэдрэ сымыгупсысэу, аргуэру арэзы сыхъуащ.

Пятигорск - Москва мафIэгум ису Алим нэIуасэ къыхуэхъуа цIыхубзым щеуэршэрылIэм къыжриIат Москва щыкIуа япэ махуэм щегъэжьауэ абы и гъащIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжынур. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым а псалъэхэр пэж зэрыхъуар. МафIэгу къэувыIэпIэ Къэзан вокзалым пщэдджыжьым сыхьэтихым Алим къыщыпежьащ Водяновэ Наталье зэгуэр дуней псом къезыгъэцIыхуауэ щыта агент Васильев Алексей. Москва щекIуэкIыну «Дахагъэм и тхьэмахуэм» хэтынухэр къыхахыу ирихьэлIэри, абы пхыкIащ. Аращ щIалэм и актёр, модель лэжьыгъэхэм псыпэ яхуэхъуари. Ар ядэлэжьащ режиссёр Бессон Люк, Урысейм, Голливудым я «вагъуэхэу» итальян актрисэ, модель Белуччи Моникэ, уэрэджыIакIуэхэу Мадоннэ, Шейк Иринэ, Натали, Брежневэ Верэ, Къэзан Сэтэней, Лобода Светланэ сымэ, нэгъуэщI куэдми. Алим псом хуэмыдэу дэлэжьэну и хъуэпсапIэщ режиссёр, сценарист, продюсер Ричи Гай. ХъуэкIуэныр псапэ зыпылъ Iуэхуми хэтщ, и гонорарым щыщ сабий зеиншэхэм я фондым ирет, зыхуэныкъуэхэр яхуешэ. КъехъулIэмэ, апхуэдэ фонд езыми къызэригъэпэщыну и мурадщ.

Алим лэжьыгъэ IуэхукIэ нэIуасэ къыхуэхъуа цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа гъэщIэгъуэн куэд къыбжиIэфынущ. Псалъэм папщIэ, Белуччи Моникэ и гъусэу зыхэта проектым ехьэлIар. IуэхущIапIэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэмкIэ, Моникэ и пэшым щIэтын хуейт пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэ куэд. Езы Алими яхэту, зэрымыщIэкIэ, модель зытхухым а пхъэщхьэмыщхьэм кIэ зэрыратам къаугъэи къахухэкIри ягъэпшынат.

Ди лъэпкъэгъу актёр цIэрыIуэр сыт дэзыхьэхыр жыпIэмэ, спортым, сурэт щIыным, пщафIэм, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэмрэ хабзэмрэ, урыс классикэ художественнэ тхыгъэхэм. Зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ елъагъу Булгаков Михаил и «Мастер и Маргарита» романыр. Сидаков Герман театр драмэмкIэ и школыр (2017 гъэ), Москва киномкIэ и школыр (2019 гъэ) къиухащ. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ театрхэми щоджэгу. Адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ къищынэмыщIа, тыркубзэ, инджылызыбзэ, испаныбзэхэр зыщIэ режиссёр, сценарист IэщIагъэхэми хуопабгъэ. Киноиндустриер къыщежьа Голливудым а IэщIагъэхэм щыхуеджэну быдэу и мурадщ. Алим зэрыжиIэмкIэ, фильмхэм хьэл-щэн мыхъумыщIэхэр зыхэлъ лIыхъужьхэм я ролхэр щигъэзэщIэну фIэфIкъым, сыту жыпIэмэ абы иужькIэ щIэх зыкъыхуэужьыжыркъым. Зэпымыууэ щIэ лъыхъуэ актёрым къыхихыр узыгъэгупсысэ, зозыгъэужь, къару къыпхэзылъхьэ ролхэрщ. Апхуэдэу фIэфIщ щытыкIэ шынагъуэ щихуэ теплъэгъуэхэр: бгым къелъэн, хьэкIэкхъуэкIэ Iэлхэм яхэтын хуей щыхъукIэ. Абы и щапхъэщ Европэм и лъэмыж ищIа нэхъ ин дыдэу къалъыта, метр 207-рэ и кIыхьагъыу Сочэ щыIэм къызэрелъар. Псом нэхъ гугъу щыхъуар Отеллэ и ролырщ (Шекспир), ауэ щэ-плIэ джэгуа нэужь, режиссёрым ар къехъулIауэ къилъытащ. Алим щыджэгуащ «Кухня. Война за отель» (2019 гъэ), «Орёл и решка» (2021 гъэ), «Цыцгендер» (2022 гъэ) фильмхэм. Апхуэдэу щыджэгуащ мыгувэу къыдэкIыну, Сокуровым и гъэсэн, режиссёр Хьэмокъуэ Олег и «Узы счастья» фильмым. Комедие, драмэ, боевик жанрхэр нэхъ пэгъунэгъущ.

- Дэтхэнэ зы цIыхуми и гъащIэ гъуэгур езым къыхехыж. Iыхьлы, ныбжьэгъу, цIыхугъэ здэщымыIэ хамэ щIыпIэм, дауи, япэщIыкIэ ухэзэгъэну тыншкъым, ауэ псым и жапIэр къэпщIа нэужь, нэхъ ухосыхь. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм сыщыпсэуну си хъуэпсапIэщ, ауэ ар хъуэпсапIэу къэнэжынущ. «Бланэ щалъху мэкIуэж», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Илъэс 12 хъуауэ Европэм сыщыIэми, си адэ-анэр щыпсэу, си къуэпсыр къыщежьа щIыналъэм зэпымыууэ сыхуопабгъэ. Дэнэ щIыпIэ сыщыIэну къысхуихуами, гукIи, псэкIи, IэпкълъэпкъкIи щызу зыщызгъэпсэхур Къэбэрдей-Балъкъэрырщ! Iэмал имыIэу илъэсым зэ сыкъокIуэж ди щIыналъэм. Си ныбжьыр хэкIуатэмэ, си къуажэжь сыщыпсэуну къэзгъэзэжынущ, - жеIэ Алим. - Си адэ Резуан и лэжьыгъэкIэ хьэрычэтыщIщ, си анэ Людэ дохутырщ. «Газета Юга» къыдэкIыгъуэм и япэ напэкIуэцIым сэ стеухуа тхыгъэрэ си сурэтрэ япэу къыщытрадзам си адэ-анэм гуапэ ящыхъуауэ щытащ. Си анэшхуэм зэхуехьэс газетхэмрэ журналхэмрэ сэ къызэхьэлIауэ къытехуэ псори. Нэхъыщхьэр уи хъуэпсапIэхэр гъащIэм щызэбгъэхъулIэнырщ, щIэм ухущIэкъунырщ.

Алим и ныбжьыр илъэс 30 ирикъуами, унагъуэм зэкIэ хуэмыхьэзыру къелъытэ, сыту жыпIэмэ зэманышхуэ зытекIуадэ и лэжьыгъэр япэ ирегъэщ. Курыт еджапIэм зэрыщIэсрэ щIыпIэ дахэхэм зыплъыхьакIуэ, кIуэну щIэхъуэпсырти, иджы и лэжьыгъэ Iуэхумрэ абырэ зыр адрейм къыгуэхыпIэ имыIэу зэпхащи, зыщIэхъуэпсар къехъулIауэ жыпIэ хъунущ.

Псынэдахэ къуажэм къыдэкIа щIалэм и зэфIэкIхэр и щапхъэщ шыIэныгъэрэ ерыщагъэрэ пхэлъмэ, узыпэрыт Iуэхум уелIалIэмэ, гъащIэм къуит Iэмалхэр къэбгъэсэбэпмэ, уи хъуэпсапIэ псори зэрызэбгъэхъулIэфынум, уи дунейр зэрыпхуегъэфIэкIуэнум.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

## Еханэ дыщэр зыIэрегъэхьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ лъагэу дэлъеинымкIэ спортсмен цIэрыIуэ Ласицкене Марие пашэныгъэр щиубыдащ атлетикэ псынщIэмкIэ Урысей чемпионатым.**

ЧУВАШИЕМ и щыхьэр Чебоксары къалэм мы махуэхэм щызэхэта зэхьэзэхуэм шэч къызытумыхьэн текIуэныгъэ къыщызыхьа ди лъахэгъум сантиметри 194-рэ къызэринэкIа нэужь и хьэрхуэрэгъухэм ящыщу къылъэщIыхьэжын къахэкIакъым. АрщхьэкIэ метритI лъагапIэм щхьэпрылъыну мурад зыщIа прохладнэдэсыр ерыщт икIи ещанэ бгъэдыхьэгъуэм ари зригъэхъулIащ. КъыкIэлъыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ пщащэм лъагапIэр иригъэIэтащ сантиметр 204-кIэ, ауэ дуней псом щагъэува рекордыр зэкIэ къызэринэкIыфакъым.

Къэралым и чемпионатхэм къриубыдэу иджырейр Ласицкене и дежкIэ еханэ (!) дыщэ медалщ. Марие Токио щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпионщ. ЦIыхухъухэми цIыхубзхэми ящыщу абы и закъуэщ дунейпсо чемпионатищым я дыщэ медалхэр зыIэрызыгъэхьар.

Махуэ зыбжанэ дэкIмэ Ласицкене Марие хэтынущ «Синяев Евгений и мемориал» зэхьэзэхуэу Брянск щекIуэкIынум.

**КЪЭХЪУН Бэч.**



## Хьэщыкъуеийм и зи чэзу медаль

**Налшык къалэ щекIуэкIащ «Кавказым и хъуаскIэхэр» («Искры Кавказа») тхэквондомкIэ фестиваль зэIуха. Абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ республикэхэм къикIа спортсмени 120-м щIигъу.**

«ПЯТЬ колец» спорт академием и командэм хэту Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт комплексым и алэрыбгъухэм щызэуащ Хьэщыкъуей Руслан. Зи хьэлъагъыр килограмм 32-м нэблагъэхэм я гупым пэщIэдзэ зэIущIэхэр фIы дыдэу щезыгъэкIуэкIа ди лъэпкъэгъум финал ныкъуэм къыщыпэщIэтащ ингуш спортсмен Нальгиев Мухьэмэд. ЗэпэщIэтыныгъэм хьэщIэр 7:1-уэ щытекIуащ икIи Хьэщыкъуейм домбеякъ медалыр къылъысащ.

ГугъэфIхэр уэзыгъэщI спортсмен щIалэщIэр ягъасэ Унэжокъуэхэ Къантемыррэ Абдель-Джабаррэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.783 • Заказыр №1585

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А